

# Laj Legliz Lawodise A

60-1211E

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Kounye a, li pat janm fini sa. Mwen di: "Mwen te an reta pou maryaj mwen...Te fèt yon ti kras an reta, yon ti kras anreta pou maryaj mwen an, si mwen te ka jis an reta pou antèman m!" Sa se sila mwen reyèlman vle an reta ladann, reyèlman anreta.

2 Non, se te apèl telefònik yo lakay la, mwen pa t kapab elwaye m, apèn. Epi apre madanm mwen ak lòt yo te fin kite bonè, mwen jis te gen anpil bagay. Epi moun te sot diferan kote, pou lapriyè, e yo jis ap antre kounye a; epi revelasyon Seyè a te vini pou yon frè; yon sè kanpe deyè a la, ki malad; ou konn sa m vle di, se jis ale, ale, ale, ale. E mwen pat menm te gen tan bay lanmen ak kèk nan zanmi m yo isit la ki soti nan Georgia ak diferan kote toupatou, anwo nan Kanada. Mwen jis santi m mal poutèt m pat gen tan ban nou lanmen.

3 E, a pwopo, kote Fred ye aswè a, Fred Sothmann? Fred, ou sonje lè sa a ou te rele m apati de Kanada, ou t ap desann, epi mwen te di w pa vini nan machin? Ou vini, kanmenm; li te fè yon aksidan, tankou...machin li an te manke kraze nèt, li te manke touye madanm li, fanmi li, li te kase nen l, e li te voye yo tout lopital.

4 Toutalè a lè m t ap kite, vè midi, Frè Ben isit la te kanpe deyò a, li te vin jwenn mwen. Epi Rosella te vin la, li di: "Mwen pral lakay mwen."

Mwen di: "Rosella!"

Li di: "Ki pwoblèm, Frè Branham?"

Mwen di: "Mwen santi m reyèlman etranj apwopo sa." Ou wè?

Li di: "Èske gen yon bagay ki pral rive?"

Mwen di: "Mwen pa konnen. Sa sanble sa pou mwen, yon Bagay te avèti m."

5 Li te rele m kèk minit de sa, li te gen yon aksidan. E konsa, pèsonn pat blese, men se te men Seyè a. E li te glise (Wout la glase nan Nò.) epi li te glise nan Indianapolis, e li te kòmanse glise sou wout la reyèlman vit fason sa. Epi li te rele: "O Seyè, ede m!" Machin lan te balanse

tounen fason sa a ankò, li te retounen, e li te antre nan liy dwat li, epi li te kòmanse vin tou dwat. Li te ale sou wout la, li di: “O la la, la la, ala mwen rekonesan mwen soti nan sa, paske gen lòt machin ki t ap vini dwat sou menm vwa a, a tout vitès.” Alò li te travèse lari a, epi li te ret kanpe la pou...Mwen kwè, yon bagay, li te rete pou l achte yon tas kafe oswa yon bagay. Epi jis anvan li te soti nan machin sa a, yon lòt machin te frape machin pa l la byen fò sou dèyè, yon lòt te vin frape lòt machin lan, yon lòt vin frape lòt apre, epi la yo te fè yon pil kolizyon. Men li di ke li te sekwe yon ti kras, men san anyen mal, men li te vle remèsye Seyè a, epi li te rele epi li te di legliz la pou remèsye Seyè a poutèt li pat blese oswa gen anyen, epi li te mande legliz la pou kontinye priye pou ke li ta rive lakay li. Ou wè, li se yon nouvo chofè, li fèk gen lisans li. Alò, mwen rekonesan anpil.

6 Men sa vo toujou lapèn pou nou pran avètisman Seyè sa yo. Li di: “Ebyen,” li di: “M ap jis manke yon jounen travay.” Kisa yon jounen travay ye? Sa pral koute plis pase sa pou repare dèyè machin lan, ou wè. Alò li pi bon pou—pou fè w...rete avèk Seyè a. Èske se pa vre? Si Li di nou nenpòt bagay, nou fè mye rete avèk Li. Paske Li toujou gen rezon. Èske se pa vre? Toujou gen rezon!

7 Kounye a, o, sa se tèlman yon...se te tèlman yon bèl semèn. Mwen jis pa konnen ki jan pou m eksprime m bay Bondye ak noumenm moun yo pou bèl semèn sa a. Sa yo se te kèk nan uit jou ki pi ere ke mwen te janm preche nan lavi m. Se vre. Mwen—mwen te aprann sitèlman anpil bagay sou Seyè a ak dous mizèrikòd Li, e tout sa Li fè pou nou, epi pou mwen wè Lespri Li retounen travay nan legliz la. Epi mwen sitèlman kontan wè don yo kòmanse tounen ap opere nan legliz la ankò. Ou wè?

8 Bon, yon fwa la, lè ou lwen, li jis sanble ke yon moun pral antre an reyalite, pou l jis—jis polye sa, ou konnen, yo pral jis kòmanse fè nenpòt bagay. Epi lè ou dezonore don sa yo, Bondye ap dezonore w. Ou wè? Se vre. Ou dwe itilize yo byen. Epi, fason nou vle li se jis lè li nan lòd, fason y ap pale an lang. Se pa jis site yon Ekriti, men di yon bagay ki pral rive. E si n ap jis kontinye vrèman gen respè pou sa, li pral kòmanse... Si yon moun soti pou l fè dezòd nan yon legliz, Sentespri a ap denonse l la menm epi di yo ki moun li ye. Epi la, yo pral—yo pral santi yo chatye epi yo prale a lotèl. Se pou sa don sa yo ye.

9 Epi pou nou wè pastè nou an isit la, Frè Neville, li te yon gason timid, k ap met kò l dèyè. E m ap di ou, li te...li te sanble ke li pa t ap janm al pran pozisyon pou sa k konsène Lapannkòt. Men pou wè l kanpe epi l ap entèprete lang epi pwofetize, mwen di ou, li soti lwen. Se vre. Annou priye pou pastè nou an.

10 Epi, ou wè, don yo kòmanse vini nan legliz. E yon lòt ti frè, enb isit la, li isit la, li...li ta dwe isit la yon kote. Mwen devine li la, li toujou la. Li se yon gason trè enb, li te konn abitye youn

nan administratè yo isit la nan legliz la, Frè Higginbotham, yon nonm presye, pye. Epi pou wè ke li resevwa don pale an lang, ki moun ki ta janm panse ke Frè Higginbotham ta fè sa? Yon ti kanmarad timid, k ap mete kò l dèyè, ki pat vle yo konnen l, okenn kote, ki ret dèyè. Men, ou wè, Bondye ka pran yon nonm konsa epi sèvi avè l, ou wè, paske li pa vle fè l, pou konmanse. Si li te vle fè l, li ta ka soti ak lestomak li gonfle. Men osi lontan ke li soti yon kote li pa vle fè l, petèt Bondye ka sèvi avè l konsa.

11 Junie isit la, li la...o, li dèyè poto a bò kote m lan.

12 Mwen pral di sa, mwen tande anpil moun pale an lang. E mwen panse ke tout soti nan Bondye, paske ou pa ka fè yon son san li pa vle di yon bagay pou yon moun, yon kote. Ou konnen, Bib la di: “Pa gen yon son san yon siyifikasyon,” sa vle di ke pa gen yon son san li pa vle di yon bagay. Ou pa ka fè nenpòt kalite bwi amwens sa vle di yon bagay. Mwen souvan mande m ki jan sa ta dwe ye jouk mwen t ale an Afrik epi tande tout bwi yo, epi mwen te dekouvri lè sa a, ke se te vwa yon moun. Pafwa se vwa yon anj, e latriye.

13 Men Junie Jackson, yon ti predikatè peyizan timid, k ap mete kò l dèyè, ezitan, ki soti laba a nan yon legliz Metodis, laba a—laba a ozalantou Elizabeth, Indiana, byen fon nan bwa yo. Li trankil, li p ap di anyen, on jan ap mete kò l dèyè, li te sanble tankou li... Lè mwen wè l pafwa, mwen vle pran l, souke l, di l: “Di yon bagay, Junie, ou wè, jis sispann chita la ap gade m konsa.”

14 Nou te ka chita sou yon chouk bwa nan forè a, e li te chita la epi li di: “Ebyen,... Mwen panse ke...se byen.”

15 Mwen ta di: “O, Junie, mwen—mwen santi tankou ‘kite m di l pou ou,’ ou wè. Ou—ou twò dousman pou mwen, ou wè.” E Bondye ba l yon don pou l pale an lang; Mwen pa janm tande okenn langaj ki pi klè nan tout lavi mwen. Ou wè?

16 Siveye Li nan legliz la. Gade ti fanm sa ki pale maten an ki pat konnen lòt fanm lan? E youn pat konnen lòt, epi sila, son vwa ke li te pwononse a; ak lè li te entèprete, nan menm son an, vwayèl yo, ponktiyasyon; jis menm bagay la, retounen. E mesaj la te pafè, pou legliz la. Ou wè kijan sa ye? Kounye a, nou ta dwe remèsye Bondye. Kounye a, piga w gonfle lestomak ou. Si w fè sa, w ap plati tèt ou, epi dyab la pral gen anpriz sou nou. Jis rete enb; di: “O Seyè, kenbe m kache, pa janm kite m leve m anvan lè.”

17 Li p ap janm kite ou soti nan lòd. Si ou fè sa, pafwa, sa pa—sa pa yon pwoblèm. Si ou fè sa, ebyen, pastè a isit la ap—ap di w li. Ou wè, don yo pa dwe manifeste lè n ap...lè n ap preche. An jeneral, si don yo konmanse fonksyone byen nan legliz la, nou pral fè ou rankontre yon bon bout tan anvan lòt sèvis la; kite Seyè a travay avèk ou la, ou wè, paske lè sa a sou

pati sa a li p ap entèwonp li ditou. Bon, pandan nou nan kongregasyon an, pafwa ou oblije rete an silans pou yon ti moman. Men si Bondye gen yon mesaj, yon kote oswa yon lòt L ap pote l vini, ou wè, jis kite L trankil, men fè li dapre ansèyman Bib la. Epi Frè Neville petèt va anseye nou sou bagay sa yo, ke nou pral eseye fè l. Mwen pral eseye ede l otan ke nou kapab, nou toulede ansanm, pou pote l vini epi montre w kouman li dwe itilize.

18 Ou santi w pi byen, frè Polonè mwen an? Se bon. O, jan Seyè a te beni !! Uit ane de sa, Li te di l gen yon bagay ki pral pran plas. Li te tout konfi, yon vrè trinitaryen strik. E Senyè a te di, lòt jou a: “Gen yon nonm k ap vini, li gen cheve nwa ak je mawon, li gwo. Pa voye l ale, mwen voye l ba ou.” Mwen chwazi yon Ekriti jis kote li te konfi a, m te pran yon moso papye epi m te note l la. Apre yon ti tan isit la li te vini.

Madanm mwen di: “Gen yon nonm deyò ki vle wè ou.”

Mwen di: “Sa se li, fè l antre.”

19 E li—li te di m kisa yo te di l...anba enspirasyon Sentespri a. Kijan li te toujou kwè e kenbe Mesaj la, elatriye, pami pèp li a; poutan yo kritike l, li te rete fèm avè L. Li te di, kèk tan de sa, nan reyinyon an, ke mwen te pale avè l e m te site non l. E kijan mwen te janm site non sa a, mwen pa konnen. Li di mwen te oblije eple li, oswa yon bagay oswa yon lòt, nan reyinyon an. Li di ke li t ap pote yon ti bebe sou bra l ki te gen kèk tach sou figi l, epi li di ti bebe a te debarase de yo konplètman, jis konplètman. E kijan Seyè a...

20 Epi mwen di: “Ebyen, bagay ke w bezwen kounye a se desann nan legliz la epi fè yo batize w nan Non Jezikri.”

21 Mwen te rankontre l yon ti tan de sa sou tèt mòn lan, paske li te desann, li te resevwa batèm nan Non Jezikri. Kounye a, li tout satisfè, li santi l byen, li retounen lakay li. Mwen espere ke li entèprete pou mwen an Polòy youn nan jou sa yo, ak Almay, epi nan, lè m tounen nan plas sa yo. Senyè a beni ou, frè mwen.

22 Sitèlman anpil gwo bagay rich Seyè nou an fè! Jis pou wè mizèrikòd li—li, kijan soti nan lès, lwès, nò ak sid L ap dirije pitit cheri Li yo; Li rasanble yo ansanm, separe yo, sekwe yo. Sitèlman gen anpil bagay pou di!

23 Kounye a, pa bliye, dimanch swa pwochen, si Seyè nou an vle, dimanch swa pwochen, n ap gen...dimanch maten pwochen, pito, yon sèvis gerizon. Rezon ki fè mwen di sa sou sa, petèt lè sa a si gen twòp moun pou dimanch maten mwen pral gen dimanch swa pou kontinye, ou wè. Men si mwen ka resevwa yo tout dimanch maten, ebyen, se kòrèk.

24 Mèkredi swa se yon reyinyon lapriyè nan mitan semèn. Bon, pou noumenm moun ki isit la nan kay la, noumenm moun ki rasanble isit la, òganize reyinyon pou lapriyè. Pa manke sa, rete fèm avèk sa, ou wè. Epi priye, chache rete pi pre Bondye. Pa janm kite fanatis antre nan mitan nou. Kenbe...Gen twòp reyèl pou nou aksepte yon fo, ou wè, piga n—piga n ale sou move bò a. Rete fèm.

25 Mwen tande yon “Amèn” mwen konn abitye tande depi plizyè lane, Frè Russell Creech. Yo di m ke Patty te sila ki t ap pale an lang lòt jou swa a. Patty, kote w ye? Ou isit la, cheri? Wi, o la la, mwen pa t ap menm rekonèt li si mwen te wè l. Men mwen kwè mwen te kenbe timoun sa a nan bra mwen epi mwen te dedye l bay Seyè a, jis isit la. “Epi li se yon jèn fanm,” Meda te di: “yon jèn, bèl, ti jènfi adolesan,” ki gen Pwisans Sentespri a sou li, pale an...Russell, ou se yon nonm rich. Wi, se sa w ye.

26 Ki kote Sè Creech ye? Mwen pa wè li. Èske li ozalantou? Dèyè a la. O, Sè Creech, ala mwen rekonesan ke Bondye te ba ou yon timoun konsa, franchman, ou pa reyalize ki jan—ki jan mwen rekonesan. Nan laj kote jèn tifi adolesan yo ap rikane epi ap ri epi konpòte yo, ou konnen, nan fè on bann bagay san sans devan ti mesye sa yo, kwafi tèt kanna yo a ak tout bagay, ak tankou sa; epi ti jenn ti moun sa a ki gen pwisans Sentespri a, ap pale an lang isit la. O, la la!

27 Hmm! Konbyen mesye aswè a, predikatè Pannkotis, ki ta vle bay tout vi yo si yo te ka wè pitit fi adolesan yo, ki soti nan fèt wòkennwòl la, fè sa.

28 Jis--jis valorize sa, frè m. Mwen konnen sa w ap fè la nan Interstate la, mwen te fè menm bagay la, mwen te travay yon jou difisil anpil, men frè...pou elve timoun yo. Men sonje, Bondye fidèl, Li konn rekonpanse. Wi, se vre! “M ap ranbouse.”

29 Bondye beni w, Patty. Cheri, mwen-m t ap rekonèt ou si m te wè w, m imajine, men pa janm kite chimen dwat sa a, cheri. Pa janm kite dyab la mete anyen-anyen nan ou, tankou on bèl pòm lò, paske la pral on sitwon, ou wè. Lage bagay la epi kite l kon sa. Kenbe je w dwat sou Kris, dwat sou Kwa a. Epi kontinye avanse, paske lè a toupre. Ou wè?

30 Tan de bagay de egzòtasyon ke m ta ka jis di, benediksyon Bondye yo. M pa t ka vizite anpil, e pou tout semèn nan, m pa t rive priye pou plis pase senkant moun, m devine, avèk pakèt antre ak sòti sa yo, ak ijans e sa k antre yo, elatriye, men m te okipe ap etidye. Men koulye a, Dimanch kap vini an, n ap priye pou pèp la, epi mande Senyè a pou l desann e ban nou gwo pouvwa a, epi manifeste l pou nou Dimanch maten kap vini an, Si Bondye vle.

31 Oh, m jis rayi kòmanse laj legliz sa a paske m konnen ke se dènye nan yo a. Epi, koulye a, nan sa a, se pral yon reasanbleman sèt laj legliz yo. Eske w te renmen sa? [Asanble a

reponn, "Amèn!" - Ed.] Koulye a, sonje, m di sa nan fen an menm jan m te fè l nan kòmansman an, ka gen anpil bagay - ka gen anpil bagay ke w pa dakò avè m ditou, men w pa bezwen kont mwen pou sa, ou wè. Jis renmen m, kanmèm, paske sa pap fè okenn diferans sa w ta vle fè oswa sa w ta vle di, m pral panse jis menm jan an de ou; si nenpòt bagay la, an plis, ou wè, si kèk, m va panse menm jan an de ou. Men m renmen w, Bondye konn sa, pa gen yon nonm ki ta ka envoke Non Jezikri a poum pa ta renmen l. Ou wè?

32 Epi m pa janm vle okenn anmèt im oswa endiferans, menm si nou ta ka fèmeman andezakò. Si n te chita bò yon tab ak youn kap manje yon kalite pate, epi yon lòt, yon lòt kalite, sa ta dwe jis menm jan an bò isit la la a, ou wè. Lè l kesyon de kominye youn ak lòt, nou youn renmen lòt. E si n pa fè sa, alòs, nou ta dwe fè sa. Epi si ... nou pap janm al pi lwen nan Bondye jiskaske nou fè sa.

33 Jisteman pa bliye, pa bliye pi gran don pami tout don yo se lanmou. "Menm si m pale an lang lèzòm ak zanj, bay kò m pou boule kòm yon sakrifis, konprann tout konesans, elatriye, m pa anyen. Epi ... Men lè sa k pafè, ki se lanmou ... "Si tout don esprityèl yo pa simante ansanm ak lanmou, li pap kenbe. Nenpòt lòt mòtye a ap kraze, "Men lanmou ap kontinye pou tout tan." Ou wè, se Premye Korentyen 13.

34 Kounye a, aswè a, n ap antre nan gran laj legliz sa a. Oo, la la! Koulye a, nou ka la pou petèt nevè eka (aswè a). Epi M vrèman regrèt ke n pa gen ase plas, men ... pou met tout moun alèz, fè tout moun chita, pito, men nou jis pa genyen l, e petèt yon jou sa va rive.

35 Men koulye a, m vle mande w yon favè pou. Ou wè kote m kanpe epi ou konn ki sa li pral koute m yon jou, ou wè, e lè a rive sou nou. Ou wè? Koulye a, m vle w fè sa, toujou priye pou mwen. Epi sonje, m te onèt jan m konn ki jan m te dwe onèt, Ou wè. Epi, m reyalize ke m pa yon ti moun ankò, M gen senkanteyen lane. Epi M-M lè... M pa ka ale jiskaske Bondye rele m. Epi, m prale jan ke l vle m ale a, e se sa lap ye. Ou wè? Men, m dwe onèt epi di verite a, kèlkilanswa. Ebyen, m konnen se yon mache solitè pafwa, men osi lontan ke l avè w, ki diferans sa fè? Ou wè?

36 Kounye a, anvan ke n antre nan gran laj legliz sa a, m ap mande si n ta ka kanpe kounye a pou lapriye, jis yon ti moman ankò. Sa ka on jan pèmèt ou detire e fèw santi w byen. Sou sèvis fèmte a, èske gen ... Konbyen isit ki ta renmen ke yo raple de yo devan Bondye? Jis leve men w bay Bondye, "Sonje mwen, O Seyè, nan fen laj la. Lè lavi a fini nèt, sonje mwen. "

37 Papa nou ki nan Syèl la, nou pa gen lang ase pou ekspri rekonesans nou pou prezans Bondye vivan an ki te nan mitan nou semèn pase a, pou bagay sa yo ke nou te aprann de wou, ki jan w te revele w a nou menm atravè tan an, e ki jan w te rann Pawòl ou a tèlman klè

pou nou. Ki jan nou te tann ou, e ki jan nou te-te eseye eksprime lanmou nou, epi nou te echwe nan fè l, Seyè, paske lang mòtèl pa t kab fè sa. Pou... pou menm sove nou, epi oumenm ... pou menm rann nou grangou pou wou. Paske l ekri nan Pawòl la, "Beni sila yo ki grangou," (jis grangou, se yon benediksyon) "grangou ak swaf pou jistis." Apre sa, ou te fè gwo sitasyon sa a, "Paske yo pral ranpli!" Koulye a, nou kwè sa, Seyè. Padonnen nou enpèfeksyon nou yo.

38 Epi pandan ke n ap antre nan aswè a nan ... nan dènnye laj legliz sa a, ki se Lawodise a, apre nou te fin wè Ekriti yo ak istwa tonbe egzakteman dakò chak fwa. konsa, Papa, nou konnen ke sitasyon ki soti nan pwofesi enpòtan w lan la a, nan dènnye laj sa a, li pral menm jan ak sis lòt laj yo te ye. Papa, m priye w pou pèmèt ke Sentespri a vin a noumenm aswè a, kounye a, epi beni nou pandan ke nap tann ou. Nan non Jezi. Amèn. Nou mèt chita.

39 Si Seyè a vle, liv la pral ... osito ke n kapab. Frè Leo ap pran l nan kasèt mayetik, pou kontinye ak ... ale nan estenografi, de la soti al fè tape l, ansuit pou rive ak liv la.

40 E an pasan, liv Rosella pral pare nan yon ti moman, yon tafyatè ki sove. Nou tout sonje istwa l la ki jan ke Sentespri a te rele l nan reyinyon an. Epi li te ... te abandone pa kat pi gran enstitisyon alkolik yo, epi lopital ki nan vil chicao yo te pouse do l ale. Epi Seyè Jezi a, nan apenn yon moman, te wete tout bagay sou li. Li jis ale de prizon ak lòt kote, ap di moun ki jan ke Bondye ka delivre, ap pale ak tafyatè yo elatriye. Li te rive ... ak temwayaj li, genyen anpil moun pou Kris.

41 Koulye a, premye laj legliz la, èske ou ka di m kisa l te ye? Efèz. Dezyèm nan? Esmi. Twazyèm nan? Pègam. Katriyèm nan? Tiyati. Senkyèm nan? Sad. Sizyèm nan? Filadèlfi. Setyèm nan? Lawodise.

42 Premye a te ant 55 e 170 aprè Jezikri, Efèz. Esmi, 170 a 312. Pègam, 312 a 606. Tiyati, 606 a 520. Sad, 520 a 1750. Filadèlfi, 1750 a sis ... '06; kounye a, li te kòmanse laj Laodice a, ki fè yon tou, e yè swa nou te rantre nan ti tou sa a. Koulye a, aswè a n ap, rive nan fen Lawodise a.

43 Nou kwè ke legliz Laodice a te kòmanse nan 1906 apre Jezikri. M predi ... Koulye a, sonje, "predi," espesyalman oumenn kap koute kasèt la. Mwen pa di li pral rive, men M predi ke l ka fini ozanviron 1977, ke legliz pral antre konplètman nan apostazi epi Bondye pral krache l sot nan bouch li. Epi Dezyèm retou a, oswa lanlèvmman Kris la, ta ka rive nenpòt ki lè. Koulye a, M kab manke l de yon lane, M ka manke l de ven lane, M te kab manke l de yon santèn lane. Mwen pa konn ki kote l ... Men, M jis predi sa dapre yon vizyon l te montre m, epi nan swuiv tan, e jan ke l ap pwogrese, M di ke l ka nenpòt ki moman an ant 33 e 77. Omwen,

kokenn nasyon sa a pral antre nan yon lagè ki pral eklate l an myèt moso, ou wè. Ebyen, sa a vrèman pre, li pwòch pou ta mouri. M ka gen tò apre tou, M jis ap predi. Eske tout moun konprann? Di, "Amèn" si w konprann. [Asnble a di: "Amèn!" - Ed.] Ou wè?

44 Men, Seyè a te montre m yon vizyon sou kokenn chenn fanm pwisan an, nan lane 33, 1933, li sou papyè. Ki jan ke "Roosevelt ta lakòz ... li te ede e lakòz mond lan ale nan lagè." Ki jan ke "Mussolini ta fè premye envazyon l nan peyi Letiopi e l ta pran l, men li ta rive gen yon fen nan lawont." E ki jan ke "nan moman sa a, twa is yo: Nazis, Fachis, ak Kominis, ta pral anglouti nan Kominis." Epi konbyen isit la sonje m jis kenbe ... ou kanpe, epi w repete l, m ta di w, "Siveye Larisi! Siveye Larisi, wa lan Nò a! Gade Larisi, wa nan Nò a! Gade Larisi, wa Nò a! "? Konbyen te tandè m jis di, jis voye men w, ankò? Ansyen yo, ou wè, nan tan ki se premye pati legliz la . Jis kanpe la ak bouje men nou ankò e ankò, "Siveye Larisi, ki wa a nan Nò a! Ou wè, kisa li ta fè, pou ke tout is sa yo pral anpile yo nan Larisi. "

45 Apre sa M te di, ke "Nasyon sa a ka finalman ale nan lagè ak Almay. Epi Lalmay ta dwe bati yon mi an beton. " E se te liy Maginot a, onz lane anvan l te menm kòmanse bati l, onz lane anvan. Apre sa, M te di, "Ameriken yo pral pran yon bèl kal nan liy sa a." Gen kèk nan frè sa yo isit la ki te nan liy sa a, Frè Roy Roberson ak lòt yo; mande yo kisa k te pase. Se sèten ke yo te la. Dakò. "Men, finalman," M te di, "nou pral ranpòte laviktwa epi nou pral youn nan gayan nan lagè ant nou ak Lalmay."

46 Ki donk, M te di, "Epi apre tan sa a, ke lasyans ta va reyèlman pwogrese." Yo te fè, yo te fè bonm atomik la e tout bagay. M te di, "Pandan avansman yo a, yo pral fè yon ... machin yo pral kòmanse gen fòm tankou yon ze." Epi ou sonje gwo vye kapo nan lane 1933 a, gwo dèyè long yo desann konsa sa a, ak kawotchou de rechanj lan pa dèyè l? Gade kouman li ye kounye a, ou wè: senplifye, ou wè, tankou w ze. Epi m te di, "Finalman yo pral envante yon machin ki pa pral bezwen gen yon volan ladann. M te wè yon fanmi k ap desann nan ... Rele l, sa yo rele 'vwa' nan yon machin an tèt vitre, gran bèl wout e yon sipèb machin. Epi yo te chita, youn ap gade lòt, e machin nan ta p kouri pou kont li, ale vire nan koube yo e tout bagay sa yo. " E yo te gen machin nan kounye a, yo deja envante l. Yo gen machin lan. Alòs, m te di, "Oo, se konsa ke lasyans pral pwogrese nan jou sa a!"

47 M te di, "Apre sa, m te wè yon ... Yo pral pèmèt fanm yo epi yap pèmèt fanm yo vote. Epi nan zafè vote, yo pral chwazi move moun nan youn nan jou sa yo. " Epi l te fè nan dènye eleksyon an. Se vòt fanm lan ki te eli Kennedy. Nou konnen sa, ou wè, ant machin trike ak tout kontrefason sa yo, ke FBI te ekspoze. E kouman ke pèsonn ... Poukisa yo pa fè yon bagay pou sa? Poukisa yo pa janm di yon bagay? Hah! Yo pè pou yon moun pa ta pèdi dyòb li. Ou wè, se jis yon pakèt politisyen, pouri jouk nan nannan yo. Se sa menm. Sèten!



48 Pa gen okenn - okenn ... se pa, eskize m. Pa gen delivrans nan nasyon sa a, pa gen delivrans nan okenn nasyon. Sali a se nan Jezikri e limenm sèlman! An-han! Se sa. Koulye a, m rekonesan pou Amerik la. M ta pito ap viv isit la pase nenpòt kote nan mond lan, paske ... andeyò de Kanada. Kanada ak Etazini yo se marasa, nou konnen sa, de nasyon vwazen, bèl kote, men m-m kwè mwen ta pito viv isit la pase nenpòt lòt kote m konnen, paske se la kay mwen. M byen kontan ke m se yon Ameriken, e M rekonesan pou sa. Men, mwen di ou, li sètènman bezwen yon kont revolisyon, se vrèman sa. Epi li pa pral jwenn li! Non, mesye. Li pap janm leve ankò! Non, mesye. Li fini! Ou sonje, senk lane de sa nan Chicago, li sou bann yo. Ou te genyen l, Gene. M te di, "Yo pral swa aksepte l ane sa a, oswa yo pral kontinye toujou ap degradingole." Epi yo te fè l, ou wè, epi yo pral fè l jouk li pral finalman rankontre fen li.

49 Men va gen yon fanm pwisan! Koulye a, sonje! Sa a sou bann, tou. Yon fanm pwisan, kokenn chen fanm, li pral swa Prezidan, oswa li pral yon fanm kap reprezante legliz Katolik (ke m panse l se sa) ki pral pran pouvwa a isit la yon jou epi l pral gouvène peyi sa a. Nasyon sa a se yon nasyon fanm. Drapo te fèt pa yon fanm, li nan nimewo trèz. Li te kòmanse ak, trèz zetwal, trèz bann, trèz koloni. Tout bagay trèz, trèz, trèz, ap kontinye ale. Trèz zetwal sou pyès dola an ajan an kounye a. Tout bagay se yon trèz. Li se chif trèz, e l parèt nan chapit 13 nan Revelasyon an. Konplètman trèz! Tout bagay se "fanm, fanm, fanm, fanm, fanm," tout anba. Epi li okipe tout fonksyon yo. Li te pran kontròl Hollywood. Li te pran kontròl nasyon yo. Li te okipe fonksyon yo. Li te pran kontròl tout bagay ki genyen; dwa pou egal ak lòm, vote jan ak lòm, joure tankou yon nonm, bwè tankou yon nonm, nenpòt sa l ye a. Epi jis parye ke legliz Katolik, gen pou adore yon fanm! Yo deja ap adore yon fanm, de tout fason.

50 Li se pi bon an ... Yon fanm imoral se pi bon pièj dyab la te janm genyen. Li pi mal pase tout ba kafe ki te janm genyen. Li ka voye plis nanm nan lanfè pase tout bar kafe ki gen nan peyi a. Se vre.

51 "Yon bon fanm se yon bijou nan kouwòn yon nonm," se sa ke nonm ki pi saj sou tè a te di. Yon nonm ta dwe onore yon bon fanm, ou wè. "Men yon move fanm se dlo nan san l," e san l se lavi l. Ou menm mesye ki gen yon bon madanm, ou pa konn ki jan w ta dwe remèsye Bondye pou yon bon madanm! Paske si Bondye te ka bay yon moun yon bagay ki pi bon pou yon patnè, li ta fè l. Men yon fanm se pi bon patnè Bondye ka bay yon gason. Men, lè yo vire ...

52 Se Li ke satan te chwazi nan jaden Dedenn nan kòm zouti. Li pa t pran nonm lan, li te pran fanm lan. Poukisa li pa t al kot Adan pou pale lanmou? Li vin jwenn fanm nan epi ba l, ou wè, paske se li menm li te chwazi. Bondye te pran nonm lan, e Satan te pran fanm lan.

53 Epi gade dwat anba, epi nan fen ... Lè Babilòn te etabli nan kòmansman an, De Babilòn Hislop la, yon fanm! Lè li te desann nan laj la; kounye a li fini laj payen yo. Babilòn te kòmanse konsa, epi l fini ak yon kil adorasyon fanm (Mari) nan legliz la. Nan ki jou sa a ke nap viv la!

54 Kounye a, Lawodise a, —laj Lawodise a, mo sa vle di “tyèd”. Li te plen kòl ak machandiz, e l te panse l pa t bezwen anyen. Men Bib la di ke l se "pòv, avèg, mizerab, e l toutouni." Gadon on kondisyon!

55 Rekonpans pou moun ki simonte laj legliz sa a, se “chita sou twòn lan avèk Seyè a”.

56 Koulye a, etwal la, oswa anj lan, oswa mesaje laj legliz sa a, li enkonni.

57 Kounye a, kiyès ki te masaje premye laj legliz la? Pòl, nan Efèz. Esmine? Irene. Pègam? Sen Maten. Tiyati? Kolonban. Sad? Luther. Filadèlfi? Wesley. epi nan la ... Lawodise sa a, nou poko konnen n, e pwobableman pa pral konnen jiskaske tout bagay fini.

58 Men M ta renmen jis bay sitasyon m sou ki sa zanj sa a pral ye, ki sa n ap chèche. Èske l tap bon? [Asanble an di: “Wi! Amèn!” - Ed.] Pou ou kab vin jan nou a te pran yon ti tan, M jis ekri yon ti sitasyon la a de sa M te panse.

59 Zanj legliz Lawodise sa a, pou m fin ak sa. Koulye a, li pral vin nan fen laj la, tankou rès lòt yo, tankou Bib la. Li pral nan fen laj la. Pa nan kòmansman l, nan fen l, paske zanj lan toujou vin egzòte pou ... pou sa yo te fè. "Se pou —Ekri bagay sa yo pou anj legliz Lawodise a."

60 Gade, "Ekri bagay sa yo pou anj legliz Esmine nan." Ou wè, chak ladan yo se pou anj lan nan fen laj la. Pòl, nan fen laj la. E anba, nan fen laj la. Youn sou lòt, nan fen laj la. Fen laj la, se sa k fè l janbe. Gade, "Pou anj lan," ap pale sou sak te fèt. Sa a tounen bò isit la, "Pou anj lan," nan fen laj sa a. Ou wè, vin ranmase bò isit la menm, te fè l tankou mach eskalye kap monte, sèt aj legliz la.

61 Koulye a, anj sa a ki vin nan jou sa a, m vle ... M te gen yon bagay ekri isit la, M ta jis renmen li l. Men yo pral l konnen n nan dènye pati laj la. Epi paske nou trè pwòch de sa—tèlman pwòch de limyè laj la, ke pwobableman li sou tè a kounye a. Ou wè, ou pa konnen l. Li pral yon-yon pwofèt pisan ke mond legliz la pral rejte, paske yo pral kontinye nan peche yo epi finalman Bondye ap vomi yo sot nan bouch li, soti nan bouch Prezans Bondye a.

62 M kwè ke l pral youn tankou Eli. M pral bay pou ki rezon. Koulye a ann al jis nan liv malachi a, jis yon moman, M pral ba w poukisa M panse ke l pral sila ki wenn ak Lespri Eli a. Koulye a, M vle pou w mete chapo gras ou kounye a. Malachi, 4èm chapit. Koulye a, koute pandan ke map li, epi oumenm nan Bib ou. Koulye a, panse seryezman kounye a pou kèk pwochen minit yo, kounye a, anvan n al nan laj legliz. Paske, gade, jou a ap vini, kote sa pral boule

tankou yon fou; tout fyè yo, wi, ... tout moun ki fè mechanste, pral tounen pay. Epi Jou a ap vini ki pral boule yo, Seyè tout lame yo te di, epi li pa pral kite ni rasin ni branch.

63 Kisa L tap di? Li tap pale de jou kap vini an. Èske w ap dakò ak sa? De jou Seyè a ap vini an. Men, pou ou ...

64 Bon gade, kounye a L ap reponn pèp Izrayèl la. Kounye a, kisa l te di? "Pou rezon sa a, gade jou a ap vini (lwen de sa) ki pral boule." Men, pou nou menm ki gen krentif pou nonm ... Solèy lajistis la va leve ak gerizon sou zèl li yo; epi w pral ale, epi grandi tankou ti pitit bèf nan letab la. Epi nou pral kraze mechan yo; paske yo pral tounen sann anba pla pye w nan jou a ... jou m pral fè sa a, Seyè tout Lame yo di. (Se pa ... Jou li pral boule tè a, nou pral fpule sann yo. Sa a se Milenyòm nan, se sèten, ou wè.) Sonje byen ... lalwa Moyiz, sèvitè m nan, ke m te bay lòd ... limenm sou montay Orèb pou tout pèp Izrayèl la, avèk lwa yo epi jijman an. Men li, m ap voye pwofèt Eli anvan l vini an ... epi gran jou terib Senyè a: Epi l ap fè kè papa yo tounen bay timoun yo, epi kè timoun yo bay papa yo, pou m pa vin frape tè a ak madichon. Lafen Ansyen Testaman an.

65 Kounye a, Jezi te di ... Matye 17:10, li t ap pale de sa. Tout jwif yo ap chèche vini Eli sa a. Koulye a, gade sa Jezi te di sou sa, Matye 17:10. Nou pral kòmanse nan nevyèm vèsè a, Matye 17: 9: E pandan ke yo tap desann montay lan, Jezi te ba yo lòd, li di, Pa di pesonn ... Pa di pèsonn vizyon, (ou wè "pa pale de sa. Ou konnen l, men kenbe l pou oumenm. ") ... Pa di pèsonn vizyon an, jiskaske Fis Lòm va resisite ... de lanmò. Pa di l. E disip li yo te mande l, tap di, poukisa eskrib yo te di ke Eli dwe vin anvan? Poukisa ke Eli dwe vini anvan Kris la vini, Solèy jistis la? Poukisa yo te di sa? Isit la, Ou deja isit la, epi eskrib yo di ke-ke Eli ta vin an premye. Kounye a, gade: E Jezi reponn yo, li di yo: "Eli se vre ap vini, li gen pou l vin anvan e l ap retabli tout bagay. Men, m'ap di nou sa: Eli vin deja, epi nou pa t rekonèt li (Ou wè, Li pa t di ki moun li te ye, ou wè.) Men nou fè l tou sa nou site la a. Menm jan an tou, Fis Lòm nan va souffri nan men yo. Disip yo te konprann kel t'ap pale yo de Jan Batis. (Kounye a — kounye a, Jan Batis te Eli ki te gen pou vini an.)

66 Kounye a gade, M retounen nan Malachi chapit 4 la, ankò. Bon raple n, Li te di isit la ke "Anvan gwo e nòb, jou terib Seyè a va vini, m pral voye ban nou Eli pwofèt la." Vèsè 5 lan: Men, mwèn pral voye bann ou ... pwofèt la ... Mwèn pral voye bann ou Eli pwofèt la anvan gran e terib jou vini ... [Asanble an di, "Seyè a!" - Ed.]

67 Ki sa nou jwenn "nan jou Seyè a"? Nan fen laj la! Se lè sa a mond lan pral boule. Ou sonje ki jan nou te jwenn li ak yon perik blan , ou konnen, e-e lestomak li, ak tay mare pap yo. Ou sonje sa? Epi nou te pwouve pa Bib la, li pa t yon jou saba ni yon dimanch, li te jou Seyè a.

Eske se vre? Epi se jou sa a li vin kòm yon jij, "Epi li pral frape tè a ak yon madichon." Eske se vre? Epi mwen pral voye bann ou pwofèt Eli a anvan gwo e terib jou Seyè a.

68 Koulye a, gade vini konpoze Eli a. Bon, si w pral remake, tout ekriti nan Liv gen yon siyifikasyon konpoze, "Men L kache nan je moun ki gen saj e pridan yo, epi l devwale a ti bebe tankou n pral aprann." Ou pa kwè sa? Koulye a, kenbe Malachi 4 la a menm.

69 Epi koulye a ann tounen nan Matye 2 jis yon minit, jis travèse paj la la a, Matye 2. M kwè m ta dwe ta vle di Lik 2 olye de Matye 2. Mwen te genyen l l note la a, men M tap prese jis kèk moman de sa, e Sentespri a te nan sal la sou mwen e m te jis tap jwui yon bon moman. Konsa, m te vle di ... 2, kite m wè si se te dwe sa. Koulye a, kite m etidye la a jis yon minit. Matye 2? Se pa kote m map chèche a, se sa? Bon, jis yon minit, m pral jwenn li nan jis ... Kite m 'gen jis yon ti kras nan tan la a paske m vle asire w ke w wè l, ke ekriti sa a gen yon doub siyifikasyon. Adorasyon Ann lan; Retou Nazarèt la; Pak la; Ministè Jan an. Koulye a, kite m 'wè si m te ka vle di Lik, m tap li yon kote e ...M— M te vle di Mak olye de Lik, se ta ka Mak. Men, m vle w jwenn ekriti sa a pou ke— ke w konnen ke se travay Seyè a, ke l fè sa menm nan jan sa a. Koulye a, m pral di w ki kote m ap chèche, kote, "andeyò peyi Lejip m te rele pitit gason m nan." Yon moun ki gen yon minimòm lekti ta ka genyen l byen rapid oswa jwenn li? "Deyò peyi Lejip M rele pitit gason m nan, M rele pitit gason m' lan." Koulye a, jis yon moman.

70 [Yon frè di, "Lik 1:17." - Ed.] Lik 1:17. Mèsi, frè. Se vre, Lik 1. Mak ... Lik 1:17, olye de 2. M vle jwenn 14ème lan, se la a ... Se sa, frè. Se egzakteman sa, Lik 1:17. Se byen. Koulye a, kounye a ou ka note l. Kounye a, kisa l ye, Se pa benediksyon Senyè a, sa ke l te beni. E w va gen lajwa e kontantman; e anpil moun pral kontan lè l fèt. Paske l pral gran nan je Seyè a, epi li pap bwè ni diven ni bwason ki gen alkòl;

71 Nonm sa a kap vini an, yo pral aprann li depi nesans li pou l pa bwè oswa pou pa gen anyen pou l wè ak peche jan sa a. Ou sezi l? ... epi li pral ranpli ak Sentespri a, depi nan vant manman l. Epil va tounen Anpil moun nan ti moun Izrayèl la al jwenn Seyè a, Bondye yo a. Epi l va mache devan l nan lespri ak pouvwa Eli, pou l tounen kè papa yo bay timoun yo, epi moun ki dezobeyi yo a sajès moun ki jis yo; epi pou gen yon pèp ki prepare pou Seyè a.

72 Ebyen, kounye a nou reyalize ke l te pwofetize, epi Jan se te moun sa a! Eske se vre? Jan te Eli a, pou jou sa a, ki te gen pou vini an.

73 Kounye a, nou konnen tou ke Ekriti pafwa vle di de bagay. Lap di yon sèl bagay, tankou la a nan Matye kote Li te di, "Deyò nan peyi Lejip m te rele pitit gason m nan." dakò, M kwè ke se sa m tap chache a, "Deyò peyi Lejip m te rele pitit gason m nan." Apre sa, si w pral fè referans a "pitit gason" sa a, Li te ... pa t '... Li tounen nan Oze, ki pa t'vle di Jezi, Pitit li; li te-

se te pèp Izrayèl la, pitit gason I', "Deyò nan peyi Lejip li te rele pèp Izrayèl la." Men, li te gen yon doub siyifikasyon e yon meyè konpreyansyon lè l siyifi e pale sou— pou vini Jezi a, ki te pi gran pase - pase pèp Izrayèl la, lè l te rele pèp Izrayèl la soti. Se sa.

74 Kounye a, nou jwenn tou ke sa gen ... nan premye vini l lan se pat nan jou Seyè a. Eske se vre? Koulye a, tounen nan Malachi, ann regle sa a an premye, "Vini nan Jou Seyè a." Koulye a, gade vini konpoze l la, yon premye vini epi dezyèm nan. Èske w prepare panse espiyèl ou ? 6yèm vèsè kounye a, "Li pral ..." ... Li pral voye ... Eli ... anvan ... gran e tèrib jou Seyè a: (Èske se vre?)

75 Kounye a, nou reyalize ke sa pa t Jan, paske se pa t jou terib Seyè a (pa vre?), E Li menm ... ni l pa t boule tè a. Kidonk li dwe te vle di yon previzyon, oswa-oswa yon lòt vini Jan an nan lavni... oswa -Eli a. Eske se sa? Paske l te di, "M pral voye Eli, epi mwen pral boule tout tè a, epi m pral jis netwaye l, epi w pral mache sou sann yo." Sa a se Millennium nan, nou konn sa. Apre bonm atomik la va eklate l an miyèt moso, apre sa va gen ... tè a pral redrese. Apre sa, pral gen yon gran Jou la sou tè a la a, Legliz la ap gouvène ansanm ak Jezi sou tè a pandan mil ane. Eske se a? "Men, anvan gran e terib jou Seyè sa a, lè l pral eksploze a, mwen pral voye pwofèt Eli a pou nou." Eske se sa? Kifè li pa t vle di Jan Batis nan sans sa a, paske jou terib Seyè a pa t lè sa a, de mil pita . Eske se byen sa?

76 Kounye a, gade vèsè apre a. Men, si w va reyèlman espiyèl kounye a; bon, sa a se yon lèt damou, epi w gen pou li ant liy yo e L, epi sa ap byen pase. Ou konn sa m vle di. Sonje ki jan m te di, nan ekriti a, "Jezi te remèsye Bondye paske l te kache l 'pou saj (nan je yo) e pridan yo, e l te devwale l bay ti bebe yo." Koulye a, M te souvan ilistre a pwopo de madanm mwen lè l ekri m yon lèt; M ka wè sa l di nan lèt la, men M li l ant liy yo pou konn sa l vle di, ou wè, paske M renmen l e M-M konn nati l. Epi ou dwe konn nati Bondye a epi renmen l, Lè sa a, Ekriti yo ap pran pozisyon nan ou. Li revele l.

77 Kounye a, gade pwochen vèsè a : Epi li pral tounen kè papa yo bay timoun yo, (Koulye a, gade.) e kè timoun yo bay papa yo, ... (Ou wè?)

78 Kounye a, lè Jan te vini kòm Eli , li te vire kè pèp Izrayèl la, kè timoun ki t ap aksepte mesaj li a, kè papa yo bay timoun yo. Men, lè l vin fwa sa a, li pral vire kè yo Legliz la tounen bay papa pentkotist yo. Ou we, se youn oswa lòt la la a. Ou sezi l? Koulye a, li !!

79 Kounye a, koute avèk atansyon: Epi l ap tounen kè papa yo bay timoun yo, ...

80 Ansyen prèt orthodòks la; li pral di yo ke, "Poukisa, Bondye kab ak wòch sa yo la a fè timoun bay Abraram. Èske w pa panse ke w kapab ... "Ou wè? Koulye a, li pral pran vye prèt òtodòks kè di a epi tounen kè yo nan lafwa ke timoun yo te gen la a. Ou wè, "Kounye a, tout

sa yo ki te batize e ki ap tann Mesi k ap vini an. Kilès ki te avèti w, jenerasyon sèpan, pou kouri chape kòlè Bondye k'ap vini an? Oo, my! Ou wè, "Li te tounen kè papa yo bay timoun yo."

81 "Epi kè timoun yo bay papa yo." Kounye a, lè gran Eli sa a rive nan fen laj sa a, li pral pran mesaj Lapannkòt la pou l tounen timoun yo nan lafwa papa yo, paske li pral reprimande yo paske yo pa t kenbe menm Fwa ki te la depi nan kòmansman an. Amèn! Koulye a, mwen kwè ke nou reyalize trè byen ke se pral Eli. Pa vre? Koulye a nou konnen li.

82 Epi li gen ... Koulye a ou wè, jou terib Seyè a poko vini. M te souvan ap mande m, "Èske nonm sa a ta jis yon predikatè, alòs?" Eli te fè tout mirak yo, epi okenn predikasyon. Men, lè Lespri l te sou Jan, Li te fè ke preche epi okenn mirak. Poukisa? Jezi ta pral swiv li, Li ta fè mirak yo, "Pou sa Solèy jistis la ap leve," li te di, "ak gerizon anba zèl li." Konsa, Jan pa t bezwen fè mirak, li te jis anonse vini Kris la. Epi yo ...

83 Koulye a, sonje, ak Jan sa a ... oswa Eli sa a ki pral vini an, yo pral mal konpwann li, li pral tèlman yon gwo nonm pwisan devan Seyè a jiskaske moun panse ke l se Mesi a anreyalite.

84 Paske pi bon zanmi l yo te di l: "Ou se Kris la."

85 Li di yo: M pa merite pou m ta demare soulye l, men l'ap vin apre m.

86 Paske yo t ap atann, lè sa a, pou yo wè yon Mesi, yo te panse Mesi a t ap vini ... Lè yo te wè gwo fenomèn sa ap pase nan mitan yo, yo te di, "Li se Mesi a."

87 Jan di: M pa limenm. Men l'ap vin dèyè m! "

88 Oh, may! Ou sezi l? Konss zanmi pwòch li yo pral panse ke l se Mesi la.

89 Koulye a, remake yon lòt bagay pral rive, sans sa a, li pral rive jis anvan jou Seyè a. Koulye a, tè a pa janm boule nan tan Jan, kidonk se a lavni. Lè l te vin premye fwa a, li te sèlman preche; dezyèm fwa a, li — li pral fè tou de preche ak opere siy ke Jezi te pwomèt. Oke, kounye a, se pou nou gade nati a, ki sa li pral ye, nati pwofèt sa k ap vini an.

90 Bon, sa satisfè nou ke anj dènnye aj legliz sa, ki te predi nan Ansyen Testaman an; bon, rès lòt yo pat predi. Pòl, Irene, yo pat predi yo. Men dènnye aj sa, alafen konsomasyon an, fen mond lan, sa va yon tan tèlman tèrib ki jis devan nou, kifè anj pou tan sa te predi byen lontan nan Lèzekriti, Ekriti Ansyen yo, fen aj sa. Se Eli, yon gran wen.

91 Bon, obsève! Kijan de nati Eli va genyen? Premyèman, li va yon pwofèt pwisan fidèl a Pawòl Bondye a, paske Eli te fidèl, e Jan te fidèl. Se vre. Ap opere siy ak pwodij, li va tounen kè timoun yo nan Fwa papa Pannkotis yo. Li va rayi denominasyon yo tankou Eli. Se vre, li va

fè sa! M panse nou jis gen bagay la ki kòmanse pou li kounye a; li apeprè tan pou l vini. Li va rayi denominasyon yo! Eli te rayi yo, e Jan tou te rayi denominasyon yo.

92 Jan te di : "Pa avanse la, ap panse 'Bon nou gen Abraham kòm papa nou.' Nou Farizyen ak Sadiseyen, nou menm bann vipè! Sèpan nan zèb," epi lòt mo. "Paske m ap di nou sa, Bondye kapab fè timoun bon pitit Abraham apati de wòch sa yo."

93 Eli te di : "Yo tout te ekate yo, yo chak! Pa gen pèsonn ki rete ke mwen sèl." O, la la!

94 Li va rayi tou fanm ki sekwa yo! Eli te konsa : Jezabèl. Èske se vre? Jan te konsa : Ewodyas. Toude pwofèt sa yo, Lespri, menm Espri a. Yo te rayi mond denominasyon an, legliz monden. Yo te rayi tou, fanm ki pa bon, ki sekwa. Yo...Gen yon bagay nan lespri yo ki te kriye fò kont bagay la! Jezabèl te dèyè Eli pou koupe tèt li e li ta pral koupe l; e li menm Ewodyas te fè sa, li te koupe tèt Jan. Toulède!

95 Pwofèt sa va youn ki renmen lanati a leta brit! Menm jan ak Eli, Ki te viv nan bwa, poukont li. Jan, nan dezè, poukont li. Apre sa nou konnen se va Eli. Dakò.

96 Epi pwofèt sa youn ki va rete ak vrè Pawòl Bondye a. Wi, li va rete avè L, ak tout Pawòl la. Pou fè kisa? Pou restore Lafwa (ki te bay a legliz Efèz) ki te pèdi tout tan sa, Lafwa, nan legliz ki te gen yon "Pòt tou louvri" plase devan l e ki te rejte L.

97 Li pap yon moun save. Eli pat yon moun save, li te soti lavil Tichbe. Jan pat yon moun save. Lik 1:67, Bib la di ke li te..."Ke timoun lan te nan...menm kote l te fèt la, li t al nan dezè a, li te nan dezè a jiskaske yo te prezante l bay Izrayèl." Se vre. 1:..Lik 1:67 a vèsè 80, si w vle make l.

98 Pwofèt sa va youn jan de moun ak imè varye. Eli, apre li te fin gen yon gwo reyinyon, pèsonn pat ka sipòte l. Eli te konn gen kriz. Kan li te ale la pou fè dife desann sot nan syèl pou boule otèl Baal yo ak tout lòt bagay, li te kouri al nan dezè a e l te di: "Seyè, mwen pa mye ke zansèt mwen yo, lese m mouri." Èske se vre? (E Jan...) Li--li te al anba yon pye jenè, e apre gwo revèy la, li te mande mouri.

99 E Jan li menm, kan yo te jete l nan prizon (fanm fòl sa) li te al nan yon kwen e l te kòmanse ap chanje imè. Mwen kwè se Pember oswa youn nan yo ki te di: "Jye èg Li a t ap diminye, nan prizon an." Li te voye kèk disip li yo.

100 Enben, li te fin deklare, pou di: "Men Ayo Bondye a ki ap retire peche mond lan." Jan te wè Kolòn de Fe a pandye sou tèt Li, tankou yon Kolonb, ki te desann, vin sou Li. Li te temwaye tou sa, e l te di: "Sa se Ayo Bondye a!" E li te di: "Se mwen ki gen bezwen Ou batize m, poukisa Ou vin kote m?"

Jezi te di: "Sipòte ke sa fèt konsa kounye a."

101 Men kan yo te mete l nan prizon, li te plonje nan bafon vrèman vit. Ou wè, sa te on jan di, se te difisil pou w te relve l. E lè yo te reyisi fè sa, li te di: "Al mande L si Li se vrèman Sila, ou èske nou dwe ap chache yon lòt ki pral vini?" Jis egzakteman tankou Eli, ou wè, jis menm bagay.

102 Li menm, yon jan de bonòm avèk imè varyab, kifè nou gen pitye pou li paske nou konnen kisa sa ye. Dakò.

103 Bon, kounye a...Le--Legliz, nan moman manifestasyon l...Li ta mye m kite sa trankil. Nan moman manifestasyon l, le--legliz...Kan li te revele tèt li, nonm vanyan Eli sa ke Bondye va voye bannou, kan li va revele tèt li tankou Eli te fè, Legliz te prè pou yo delivre l, e li te delivre soti kite bagay payen. Èske se vre? Jis kan li te rive la pou di: "Nou pral pwouve Kilès ki Bondye," Eli te delivre Legliz. E Jan, jis tankou Jan te fè l, li te di lè l te wè Jezi, li te di: "Mwen dwe diminye e Li menm dwe ogmante." Jan te kòmanse ap preche, te revele tèt li jis anvan vini Seyè a. Jis nan fen an, se te manifestasyon an. Dakò.

104 Bon, nou jwenn ke Eli dwe te vle di aj sa pou Legliz sa. Pou pwouve ke se te Eli: apre Eli te fin bay pwofesi l la. Eli pat gen pou l te mouri, li te chanje pou monte al nan Syèl; yon tip Legliz (alafen Eli ki pral vini an, alafen tan li), Legliz pral nan anlèvman, san l pa pase pa lonbraj lanmò. Se pral anlèvman an! Mwen kwè grantòm sa Eli, gran sila ki gen pou vini an, li va Eli ki wenn lan ke yo te profetize pou dènye jou a. Amèn! Mwen kwè li va sa, lè l va vini, anj lan, oswa mesaj pou legliz nan dènye jou a (yon pèp degrade, ki rejte, tankou legliz sa va antre ladan l, e yo deja ladan l). Mwen kwè ke yo te pwomèt Eli nan Bib la. Mwen kwè ke nou konprann sa, Eli sa se te sila ke yo te pwomèt nan Bib la ki t ap vini nan jou sa. Èske nou kwè sa?

105 Kounye a, ann ale nan Lawodise e nou pral wè sa Seyè nou an gen pou L di nou aswè a konsènan Lawodise, yon Lawodise. Oke, salitasyon pou legliz la:

...pou anj Seyè a...

106 Vèsè 14 chapit 3 Apokalips:

...pou anj Seyè a... nan Lawodise ekri;

Bagay sa yo se sa Amèn lan, fidèl e vrè temwen an,

kòmansman kreyasyon Bondye a;



107 O la la! Nou gen tout nèt...Si nou ta pran tout nwit lan sou sa la, kijan Seyè a ta pral revele sa pou nou! Obsève!

108 “Amèn” se “dènye” a. Li te parèt ap desann nèt ale, ak diferan bagay, men, men dènye aj legliz la kote sa di: “Mwen se...sa se final la, Mwen se Dènye a.”

109 Bon, pou montre ke Li te “Premye” a tou, jan L te ye a, Li se “kòmansman kreyasyon Bondye a.” O! Èske w sezi L? Ou wè? Kijan yo te ka kreye Bondye si L se yon Espri? Kouman sa fè posib pou Li? Li--Li Etènèl! Li pat janm kreye, Li pa gen dwa janm kreye, paske Li te Bondye o kòmansman. Men Sila ki se “kòmansman kreyasyon Bondye a” se te Jezikri kan Li te manifeste, kan Bondye t ap viv nan Li. Li se *kreyasyon* Bondye! O la la! Ou wè, “Premye ak Dènye a; Amèn lan, kòmansman kreyasyon Bondye a.” Kan Bondye te kreye pou Tèt pa L yon kò, Li te desann epi li te viv ladan l, sa se kòmansman kreyasyon Bondye Ou wè? O, Èske Li pa mèveye?

110 Bon, nou jwenn an premye, Li te montre Divinite L *la* menm, “Mwen se Toupwisan an! Mwen se Sila ki te la, ki la, e ki Pral Vini an. Toupwisan an!” Pou legliz Efèz, sa te di twa fwa. Èske se vre? Sa te vin abouti dirèk nan Lawodise pou di: “Mwen se Amèn lan. Mwen te Premye a dèyè *la*, Mwen se Dènye *isit la*. Et Mwen se kòmansman kreyasyon Bondye a. Atravè aj legliz yo nou pral genyen yo, nou va aprann ke Mwen se Bondye, Bondye ki te kreye sou fòm yon nonm. Mwen se kòmansman kreyasyon Bondye!” Amèn.

111 Sa ta dwe fè yon Prezbiteryen rele. Jis panse a sa! “Kòmansman kreyasyon Bondye.” Kounye a, Mwen...O, ala mwen renmen sa, “kreyasyon Bondye,” lè yo te kreye Bondye, lè Bondye te fè L chè nan Jezikri pou L abite pami nou.

112 Bon--kounye a, vèsè apre a ta dwe (pou lòt legliz yo) ap konplimante yo, men Li pat fè legliz sa konpliman. Li te gen yon plent kont li, pa yon konpliman. Li pat fè legliz sa konpliman pou anyen, aj Lawodise sa. Avèk tout Limyè yo te genyen an, e yo te retounen jwenn Li, yo pat merite okenn konpliman. En-en. Yo te merite repwòch, e yo te jwenn li! Li te gen yon plent pou legliz sa, pa yon konpliman.

113 Bon mwen vle li vèsè 15 ak vèsè 16 la a kounye a:

*Mwen konn zèv ou yo...ou pa ni frèt ni cho: Mwen*

*te swete ke ou te ka frèt ou cho. (Nan lòt mot,*

*“Piga--piga w jis tyèd.”)*

*Kifè poutèt ou tyèd, e ke w pa ni frèt ni cho, Mwen va vomi w soti nan bouch mwen.*  
(Hmm!)

114 Te panse...Èske sa se yon konpliman? Sa se yon repwòch pou aj Lawodise enpi sa, pi mal nan tout gwoup la. Tout rès lòt yo anba touman ak tout bagay yo te genyen; yo pat gen anyen, povrete te atenn yo, ap mache sot lan yon plas al nan lòt avèk rad po mouton, po kabrit, viktim, rache ak si, mouri boule, lyon manje yo, ak tout lòt bagay, e malgretou yo te kenbe fèm nan Lafwa. Epi gwoup sa li menm li “rich e li pa bezwen anyen.” ak tout lòt bagay, epi li se yon pwotitiye! Se vre.

115 Bon, nou gen yon gwo gwo leson la, m espere Seyè a pral ede nou. Li--Li te di: “Poutèt ou pat ni cho ni frèt, ou tyèd.”

116 Tankou lèt, ou wè. Yon bon vè lèt frèt se bon. Se pa vre? Lèt cho bon pou ou. Men lèt tyèd va fè w vomi.

117 Sonje yon swa mwen te malad, anba nan rivyè a, sa fè apeprè vensenk an. Mwen te rete nan yon ti mazi, ap viv anba la. Mwen te malad, e yo te vini, bò-frè-m ki te mennen m kay Doktè Islè. Li te mande: “Se ki pwoblèm?”

118 Li te di: “Bwè yon vè lèt ki pa frèt.” O,frè! lèt tyèd, sa te rann mwen malad, kifè m te jis mete tout deyò tout sa ki te anndan.

119 Kounye a, Bondye te di: “M te swete w cho pito, vrèman cho-wouj, oswa frèt anpil, youn ou lòt. Piga w tyèd, paske ou rann Mwen malad.”

120 Se sa ke aj legliz sa fè Bondye, li rann Li malad! Ou wè? “Se swa...Pa...Ou...pa wouj...Se swa ou cho-wouj oubyen...Piga w tyèd! Pa frèt oubyen cho; paske ou fè M vomi.”

121 Fwadè legliz Anglikann nan tan John Wesley te pouse I gen reyinyon lòt kote, paske yo te frèt, glase.

122 Fwadè legliz Metodis te koz William Booth vini yon ame di sali cho-wouj. Ou wè, Bondye te di: “Si w pa vini pou repanti w, Mwen va deplase chandelye a. Mwen va fè I soti, bay yon lòt moun li.” Kifè kan legliz Metodis pat vle resevwa sanktifikasyon John Wesley a, William Booth te rive toutswit avèk Ame Di Sali e li te pran drèt la. Se vre. Poukisa? Yo te òganize I! Se sa egzakteman. Yo te fè yon òganizasyon soti nan li, e Bondye te di; “Mwen rayi bagay la!”

123 Kifè...William Booth te vini toutswit pou I te ranmase I, ak Ame Di Sali, apre sa kisa I te fè? Men bagay la, li te vire touwon pou I te òganize I ankò. Apre li Campbellites yo te vini, e

yo te egziste pandan yon bout tan; e apre sa se te John Smith avèk Batis yo; e apre sa se te Nazareyen yo, apre Nazareyen yo Pannkotis yo te vini.

124 Nazareyen yo, kisa yo te fè? Yo te fikse pa yo a menm jan an, yo te fè yon denominasyon avè l.

125 Kisa ki te antre nan moman sa? De ti branch, Legliz de Dye elatriye, yo te pouse soti la. Kisa yo te fè? Ôganize; jis kite yo ale.

126 Men Pannkotis yo ki te vini avèk benediksyon lapli aryè sezon an, kisa yo te fè? Ôganize, kifè Li te jis kite yo ale. Se vre.

127 Bon nou pral desann la nan fen an, ou pral gen yon bagay vrèman fò la nan kèk minit. Dakò.

128 Dakò, Li vle w cho-wouj oswa--oswa frèt glase, youn ou lòt. Piga w tyèd! Jis pa pretann yon bagay ke w pa genyen, se oubyen w ap pran dife pou Bondye oswa retounen nan--nan--nan òganizasyon. Piga--piga w tyèd!

129 Se menm bagay la kounye a! Se menm bagay la ki te rive nan...legliz sa yo la. Li vle ke w swa cho ou frèt. Li pa vle anyen "tyèd." Se sa Pannkot devni, yon kondisyon tyèd. Yo monte sou pyano a yon fwa detanzantan, ak kèk tanbou, pou ap frape enpe; avèk ase mizik, yon moun leve kanpe epi on jan de...ou konnen, on jan ap di: "Louwanj pou Seyè a! Alelouya!" En-en. E mizik la ralanti, "EN, en, en, en," se sa. O, la la, sa rann Bondye malad nan lestomak Li! Ou wè? En-en. Dakò.

130 Pa gen gwo kichoy apre sa, tankou yon--tankou yon revèy cho-wouj ki ap dewoule nan yo, men yo te gen anpil machin mekanik nan legliz sa, ou wè, paske yo te rich epi , o, la la, yo te rasanble ansanm pou òganize gwo reyinyon ak tout bagay konsa. Yo t ap pase yon bon moman nan legliz sa, tou sa se vre, men tou sa se machin mekanik. Men pat gen okenn chalè Sentespri. Ou wè?

131 Gade la sa Li te di ladan l, ou wè:

*Mwen konn zèv ou yo,...ou pa ni frèt ni cho:*

*Mwen te swete ke w te frèt ou cho.*

*E poutèt ou tyèd,..ni frèt ni cho, Mwen va vomi w*

*soti nan bouch mwen. (Ou wè?)*

132 Kounye a, Li te di: “Mwen te swete ke w te frèt oswa cho. E poutèt pou pa sa, Mwen--Mwen jis oblije debarase m avè w, se tou, jis rejte sot nan bouch Mwen.”

133 Bon, yo te gen anpil lajan, yo te gen gwo bilding, yo te gen gwo zafè ki t ap mache, men yo pat gen okenn chalè Sentespri. O, yo te gen yon machi-...yon--yon sistèm. O, la la! Yo te gen legliz Ini. Aa wi, yo gen pi gwo bilding yo pat janm posede, e bagay ki t ap mache, men okenn Sentespri. Ou wè? Se sa Bondye te voye pou Legliz, Sentespri a.

Bon, pandan n ap kontinye avèk vèsè 16 sa.

134 Yo gen tout sòt de komite. “O, nou te gen yon gwo sistèm bagay sa. sosyete èd pou dam aje, ak--ak Jwèt pinokyo pou jennòm, ak--ak jwèt bonko lè vandredi swa, ak--ak jwèt baskètbòl lè dimanch apre midi, epi, o, match baskètbòl *entèl-entèl*. E, o, nou fèk gen--gen sosyete kote yo tchate pou jennòm. Epi o, nou gen tout sòt de bagay.”

135 M ap di w, li chaje foul, sosyete, ak klib, ak bat tanbou, ak kisa an plis ankò, men okenn chalè Sentespri. Ou wè, ou gen yon gwo sistèm, men ou pa gen anyen la pou w chofe. W ap chofe w pou lemond men pa pou Bondye, se poutèt sa ou tyèd la.

136 O, ou gen plis manb ke w pa janm genyen. “Sèten, gason! Enben, nou gen yon milyon de plis an 44,” se sa Batis yo te di. Men--men kisa w te jwenn? Yon gwo machin!

137 Jis nan menm legliz kote mwen te tande yo te fè remak sa, yo oblije pran kenz minit poz, pou bay pastè a yon chans al deyò, avèk tout dyak yo epi yo tout, pou al fimen, epi retounen antre. Ou wè? Men bagay la. Labib kondane akèl bagay sa! “Si w souye kò sa...”

138 Doktè yo kondane sa pou di: “Li chaje ak kansè.” Alò y al nan radyo pou di: “Filt pou yon nonm ki reflechi.”

139 Tankou Billy Graham te di a: “Li ensanse pou w panse konsa pou kòmanse.”

140 “Filt pou yon nonm ki reflechi,” yon nonm ki *reflechi* patap fimen ditou, se vre, ou reflechi de fwa. Men yo te di fanm yo ke sa rann yo vrèman mens, ou konnen, pou yo kapab pote kèk nan jan de nouvo wòb sa yo ke yo genyen la. Gason mwen, sa te ase pou vann li! Plis fanm fimen sigarèt ke gason kounye a, e yon fanm va fimen twa sigarèt kont youn, pou yon gason. Se egzakteman vre, paske li vle vin mens. Li pa reyalize ke se TB ak kansè epi vye bagay ki rann li konsa, jis sou fòm yon ti bebe, ap antre nan li, pou manje l konsa, pou touye l. Pa gen yon sèl bon bagay ki ka soti ladan l ke sa k movè! Se vre. Ou wè? Men sa, “Se--se filt pou yon nonm ki reflechi.” Ha! O, la la!

141 “Non! Non! O,” yo di: “men nou gen...Frè Branham, mwen lanse sa defi! Nou gen gwo reyinyon! Gade sa Billy Graham te genyen atravè peyi a.” O, sèten, yon gwo sistèm, yo te anboche evanjelis, yo te peye kondiktè chan.

142 Ya, yo te anboche evanjelis pa yo. “Ebyen, se konbyen w va ban mwen si pou m vin patisipe nan revèy sa? Ebyen, si w pakab ramase tèl kantite de milye de dola mwen pap vini ditou. Se vre. E se kimoun ou pral kite kondwi chan yo? Ebyen, ou va anboche Entèl-entèl, li se yon gran solis. Ou dwe anboche pou...Li va atire mwatye nan foul mwen an, li va fè sa poukont li.”

143 Yo te peye solis! Te peye evanjelis! Enben, sa rive nan yon pwèn kote ke sove nanm se yon biznis. Sove nanm pa yon biznis nan legliz, se pwisans Sentespri nan legliz. Sove nanm se pa yon...ou pa achte sa ak lajan. Non, mesye! Non! Tou sa se, se zè, zè, zè, peye evanjelis, peye kondiktè chan, peye koral, tout lòt bagay. Bondye pa vle sa, tout bagay se zè! Bondye pa bezwen zè, Li vle ke Sentespri a ap travay nan ou. Se vre.

144 Vèsè 17 la di:

*Poutèt ou di, mwen rich,...byen m yo ap ogmante, e*

*mwen pa bezwen anyen; paske ou pa konnen ke*

*w pitye, (O!)...ou pa konnen ke w fè pitye,...nan mizè,...pòv,...avèg, epi toutouni: (Hmm! Hmm!)*

145 Yo panse ke yo te “rich,” legliz Pannkotis sa yo nan dènye aj sa. Yo panse...E an aparans yo te sa. Wi, mesye. Yo rich. Jis panse a sa legliz, te abitye ye sa fè kèk lane, te konn kanpe nan kwen an, te rejte tout kote, te gen difikilte. Men kounye a yo gen kèk nan pi gwo bilding yo.

146 Ou wè kote Asanble de Dye yo ye deyò a la, yo menm ki te konn okipe plas byen òdinè nan bilding an bwa, yon bagay tankou isit la, epi kounye a y ap fonksyone ak bilding ki vo sis milyon dola, pou ap di: “Jezi ap vini kounye kounye a.” Zè ou yo pwouve ke w pa kwè sa. Se ipokrizi! Ap bati bilding milyon dola ak bagay konsa, epi ap di: “Jezi ap vini kounye kounye a.” E pov misyonè sou teren an, pa menm gen soulye nan pye yo, ap manje de plat diri pa semèn pou yo viv; manje de fwa pa semèn pou pote Levanjil la atravè jeng ak bagay konsa, pou mennen L bay frè yo. E nou menm n ap bati bilding sis milyon dola, legliz avèk fenèt byen dekore, epi tout lòt bagay, ap mete l sou bagay sa. O, ou gen si tèlman lajan jouk pafwa ou menm gen asosyasyon k ap prete lajan anndan legliz yo. Se vre!

147 Doktè anndan la pou egzamine evanjelis oswa misyonè pa yo. E lè yon moun vle al sou chan an, yo pase l yon egzamen doktè pou wè si li...oswa yon egzamen sikyatrik, pou wè si li...o, si Kosyan Entèlekyèl li kòrèk, ou wè. Se Sentespri a ki egzamine sa, ou pa bezwen sikyat.

148 “Men, yo rich e yo pa bezwen anyen.” O, sèten. Ou gen anpil lajan. Aparaman, ou rich tout bon; ou gen gwo bilding, ak bèl fenèt dekoratif.

149 Epiou predikatè ki konn pale! O, la la. La la, kite m di w, hmm, yo vrèman konn pale. Yo ka kanpe ap pale tout nwit lan, pou di anyen. Ou wè? Lè yo monte vini...Mwen vle di sa konsènan bagay yo pata dwe di, ou konprann. Kanpe la, e kèk nan bagay sa yo, pou ap pale konsènan ti *tèl-e-tèl* bagay ak *tèl-e-tèl* sa. Nou konn kijan sa ye. Ap peye chantè. Se vre. Dakò. Men, ap vin sou chè a, dè predikatè ki konn pale. Si y pa gen yon bèl kostim tuxedo ak kòlèt lanvè yo, epi on jan de palto ak ke sou yo, enben, kongregasyon yo santi yo vrèman jennen.

150 Epi chantè sa yo te soti la, fanm sa yo, ak cheve koupe trè kout tankou Jezabèl, avèk ase penti sou figi yo pou pentire yon fèm. Osito yo te retire wòb sa, yo te mete chòt ak rad gason, alò ke Bib la di: “Si yon fanm mete yon rad ki pou gason, se yon aboninasyon nan jye Li.” Y ap desann nan lari a ak nen yo anlè, si lapli t ap tonbe li t ap nwaye yo. Mastè brenn, awogan, Jezabèl ak move-karaktè! Se poutèt sa nou pa nan okenn revèy, se yon gwo pati nan machin zèv la.

151 O, yo kapab gen yon vwa tankou yon anj, Bondye va fè w reponn pou sa! Bann Elvis Presley sa yo elatriye, ak Ernie Fords, oswa jan yo rele yo deyò a la avèk bèl vwa sa yo ke y ap itilize pou ledyab, Bondye di: “M ap egzije sa nan men yo.”

152 Se poutèt sa mwen respecte avèg Fanny Crosby; li pa janm vann don l lan deyò nan mond lan. Li te rezève l pou Bondye.

153 Anpil nan moun sa yo se dè chantè tout bon, dèzò ki konn pale, ge granzòm, elatriye, olye yo itilize talan yo a pou Bondye, dyab la te pèvèti yo e yo la ap travay pou li. Gwo pakèt afè, gwo pèsonalite nan radyo ak televizyon, ap vann tèt yo, deyò a la bay lemond olye yo abandone l bay Bondye. Kèk nan yo ap frekante legliz, yo al legliz, ap pote yon gwo bèl wòb byen fen, soti la pou ap chante konsa, epi retounen al chante wòk-enn-wòl nwit apre a. Tankou chantè ke nou konnen, ki fè pati de sèten legliz, yo sot deyò la pou fè foto sa yo, fim sa yo, soti deyò la pou ap chante wòk-enn-wòl. Gwo wa wòk-enn-wòl, epi pretann yo relijye! Se yon trik dyab la!

154 Yon moun te gen ase--ase bon sans la. Ki te di li ta pral vin yon predikatè, li te konn leve dimanch maten pou preche, e apre li te konn desann la...e al nan emisyon radyo pou chante

mizik wòk-enn-wòl ak tout bagay konsa, kifè li te finalman pran yon revòlèvè e li te sote sèvè l li. Mwen respekte non lan poutèt li te fè sa. Se vre. Se vre. Li--li pat gen plis... Li te gen ase sans menm jan ak kochon sa yo, de tout fason, kan yo gen demon an nan yo konn kouri nan dlo pou toufe tèt yo. Gen de moun ki pa menm gen sa.

155 M konnen ou...Mwen--mwen deteste di konsa, men, frè, sè, ou dwe--ou dwe anfonse bagay la desann pou fè l--fè l rete fiks! Se nan jou sa n ap viv la. Mwen kwè si Jezi te rele Ewod yon "vye rena," Jan li menm te rele yo "yon jenerasyon vipè," dakò.

156 Yo gen gwo bilding, fenèt byen dekore, predikatè ki konn pale, chantè yo peye. Wi, mesye. Kisa yo jwenn ladan l? Kisa k ladan l? Anyen ki Sentespri a. Kanpe la epi soti deyò a an chòt, apre sa antre pou chante nan koral. Ou se yon ipokrit ki fè pitye! Wi, mesye. Se vre.

157 E ou menm, predikatè, ki va al nan yon reyinyon poutèt yo ba w plis lajan yon lòt plas! Espès de ti koken, ou pa diy pou w sou chè a. Se vre. Lajan! "Si nou paka fè *tèl-kantite* milye dola, ebyen, nou paka vini. Manadjè nou--nou--nou yo ak lòt bagay ap vini, si w ka rasanble lajan an n ap vini. Si m paka jwenn kolaborasyon tout moun okonplè, mwen pap vini. Si tout moun pap kolabore antyèman (tout legliz yo) pou m ka gen ase lajan pou m peye dèt mwen, mwen pap vini."

158 Frè, yon vrè òm de Dye prale si Sentespri a te kondwi l, pe enpòt sa k gen nan ofrann lan. Si l ta dwe manje ti biskwit sèk ak dlo kola. Se kòrèk, li se yon vrè sèvitè Bondye.

159 Men moun yo makonnen tèt yo ak pwogram nan radyo ak televizyon, ak tout sòt de bagay monden, jouk yo oblije genyen jan de lajan sa. Se egzakteman vre. Ou wè? Sa se pa Bondye.

160 Li te di: "O, ou rich, ou pa bezwen anyen." Sèten, men menm bagay ou te bezwen an, ou pat genyen l. Se vre. Men ou pat konn sa. Ou wè. "Rich, pa bezwen anyen." Ap peye pou fè bagay y ap fè yo, jwèt-kat. "O," ou di: "nou gen gwo kongregasyon." "Ebyen, ou konnen, *Entèl-entèl*, lè yo vin nan vil la, se nan legliz nou an yo vini." Enm-enm. "Nou gen tout selebrite yo nan legliz nou an."

161 Wi, e kite sila ki pòv e sen an ta gen pou vin nan legliz la, li t ap yon souflèt pou ou. Ou pa menm vle yo la. Ou pè pou yon moun pa di "Amèn!" pandan w ap preche.

162 Tankou ti dam lan mwen te li yon fwa nan yon ti liv anwo la, li te rive nan yon legliz. Timoun li yo, li te leve yo nan yon legliz a lansyèn-mòd dèyè kèkpa nan bwa kote yo vrèman pye. Kifè...Yon jenn gason te vini yon jou e li te marye jenn fi a. Li te di ke li fè pati legliz ki a *leksteryè* a, ou konnen, youn nan gwo legliz menm denominasyon an a leksteryè vil la. Kifè li te di ke manman an li te yon Kreyen. Konsa li te marye jenn fi a e li te ale avè l.

163 Ebyen, finalman li te mennen l byen lwen kite vye ti legliz andeyò nan mòn yo, pou ale la, nan gwo legliz rafine sa, ki te pote menm non an; men laba yo te gen Sentespri a, bò isit la yo pat gen anyen. Kifè apre sa yo te antre, nan gwo gwo legliz rafine sa.

164 Konsa Manman te di, yon jou, li ta pral desann al--al wè pitit fi li. Ebyen, yo t ap mande kisa yo ta pral fè avè l. Kifè lè l vini li konn sanble ak yon bagay ki soti nan yon vye liv antikite, ak youn nan ti wòb kòlte jis nan kou yo, ou konnen, ak manch long, epi cheve lage dèyè, figi l jòn klere tankou zonyon, konsa (pandyè dèyè, ou konnen). E li te desann, li te di: "Ebyen, alélouya, cheri! Kouman sa ap pase pou nou?" Ebyen, li te di: "Bon, se dimanch maten." Li te di: "Nou tout pral reyini, pa vre?"

165 (Mari a te di: "Kisa n pral fè avè l?" Li te di: "Nou paka mennen l laba konsa!" E l te di: "Ebyen, mwen pa konn kisa pou m fè.") Ebyen, li te di: "Manman, kite m di w, nou..."

166 "O," Li te di: "men, cheri, mwen pap ka rete san m pa al legliz. Se sur ke gen yon kèlkonk-kèlkonk legliz nan alantou isit la." "O," li...li te di...Te di: "mwen te wè youn nan kwen laba, M ap jis al la."

(E l te di: "O, enben, nou va jis fè sa.")

167 Kifè lè yo te antre, yo te kite l antre an premye, (Ou wè?) yo te wont de li. Men ni ki t ap travèse lari a ak ti jip sa, ou konnen, ak Bib li anba bra l. Ebyen, frè, li kapab pa gen non l nan Kimoun ki kimoun, men mwen imajine ke li te gen non l nan Liv Lavi Ayo a. Se sa ki te prensipal.

168 Kan l te mache antre nan legliz la li te chita dèyè, te pran yon plas, ou konnen, e li te louvri Bib la e l te kòmanse ap li. E tout moun te kòmanse ap gade toutotou, yo te panse ke se yon jan de antikite ki te sove kèkpa. Ap gade toutotou konsa, "O, la la!" Avèk tout bèl rad rafine yo sou yo, ou konnen, Lawodise tipik, ak bèl rad yo elatriye. Yo te gag dèyè pou wè ti manman sa si te chita la, ak yon gwo souri nan figi l, ou konnen, ap li Bib la. Ya.

169 E pastè a, apre yon ti tan, apre yo te fin pase atravè tout lòt bagay yo, li finalman, li te gen apeprè kenz minit pou l pale. Kifè li te vini e li te di: "Seyè a bon."

170 Li te di; "Louwanj pou Bondye! Se jis! Alélouya!" E tout moun te detire kou yo tankou yon zwa, ap gade toutotou, "Se te kiyès?"

171 E apre yon ti moman, li di: "Enm! Enm! Enm!" Li di: "Kreyen nan chak aj ta dwe brav, gran, Kreyen janti," oswa kèk bagay nan sans sa.

172 Li te reponn: "Louwanj pou Bondye! Se vre!" E yo tout te gade toutotou.



173 E li menm, "Enm!" li te gade konsèy dyak la.

174 E konsèy dyak la te sezi ide a. Yo te al dèyè a e yo te pran men ti madanm sa pou mete l deyò, yo di: "W ap deranje pastè a."

175 Nou mouri e nou pa konn sa! Wi. O, a kisa fenèt byen dekore w yo ap sèvi? Sa bèl ban en vlou w yo ye? E kisa tout gwo kongregasyon w yo vo? Y ap dirije yo tou dwat nan lanfè, menm jan ak yon iwondèl ki pral nan refij li. Paske si w pa gen Lespri Bondye, ou pèdi! Sof si ou ne-de-nouvo sinon ou pap ka wè Wayòm Bondye a.

176 Sa a anmè. Se tankou mwen te konn abitye pran medsin lwil, mwen te konn di: "Manman, m paka menm sipòte l."

177 Li te reponn: "Si l pa rann ou malad, li pap gen okenn efè sou ou." Kifè mwen sispèk se apeprè menm bagay la avèk Sa, tou.

178 O, si w te ka pale avèk yo! O, gwo, bèl bilding, elatriye. O, yo--yo--yo...W al nan legliz yo, si sa rive ou di...Al legliz yo a pou di: "Ebyen, kite m di w, ou se Pannkotis?"

"O, wi. En-en. Sèten, nou se Pannkotis."

"Ou kwè lan ne-de-nouvo?"

"Wi."

"Ebyen, mwen vle montre w yon bagay..."

179 "O, gade bilding sa! Ou konn konbyen bilding...bilding sa koute? Sa koute twa ka milyon dola pou mete sa kanpe. Ou konnen, nou te abitye pat genyen l fason sa. Nou--nou abitye anba la nan ale a." Enm--enm, epi li te gade toutotou, ou jwenn ke tout gwo bagay sa yo genyen yo. Wi, mesye. E apre y ap di: "O, nou--nou posede tout gwo bagay sa yo!" Men yo pa gen fado pou nanm ki pèdi yo! Yo toujou vle montre w kantite bilding yo genyen. "Gade rapò Lekòl di dimanch nou yo, jan sa gwo!" A kisa sa ap sèvi si yo pa gen Sentespri a? "Rich, byen yo ap ogmante, pa bezwen anyen."

180 Se sa Li di: "Ou panse sa, men ou pa konnen ke w pòv, ou fè pitye, mizerab, avèk, toutouni. E ou pa konn sa!" Ou wè? Se tou.

181 O, sèten, yo di: "Ou konn on bagay? Nou te abitye...Ti legliz nou te abitye itilize a li nan pati dèyè a, sa a se pi gwo a kounye a!" E kite m di w, okenn fado pou nanm, men yo vle wè ke yo pran swen tout bagay sa yo. Èd pou dam yo, ak tout lòt bagay sa yo, yo dwe pran swen de yo tout, men okenn fado pou nanm ki pèdi. O, gason, nan--nan kisa legliz sa fourè tèt li la!

182 Yo pat gen fado pou nanm, men yo te gen sousi pou byen. Se vre. Yo te gen move fado a. Yo te gen yon fado pou byen yo men pa yon fado pou nanm ki pèdi. Lèzekriti di: “Yo pat konnen ke yo te fè pitye,” (O!) “te fè pitye, avèg.”

183 Yo panse ke yo te kapab sèvi ak lajan pou konvèti mond lan. “O, si nou te ka jis mete yon pwogram an plas, e ke nou te ka fè anpil lajan la, mwen kwè ke nou te ka konvèti mond lan. Si kèk nan moun rich nan legliz nou an, Frè Branham, si nou te ka jis mennen yo ap fouye, mwen kwè ke nou te kapab demare yon sosyete ki te ka--ki te ka ale toutotou pou--pou konvèti mond lan. Nou te ka pran avyon pou al lage literati sou tout Lafrik, ak lòt bagay konsa. Si nou jis te gen lajan!”

184 Frè, mond lan pap konvèti avèk lajan. Mond lan va konvèti ak Sentespri; predikasyon ki gen pwisans Sentespri e Lakwa va sèl bagay ki va konvèti mond lan. Pwogram Bondye a se pa lajan. Se Sentespri a, se sa pwogram Bondye a ye pou Aj Legliz Lawodise a oswa tout lòt aj legliz la. Wi, mesye.

185 Yo vle Sentespri a. O, yo di: “Nou se...nou gen lò.” Se te lò vre, men pa bon jan lò a. Bon, konsa Jezi te kòmande yo: “Mwen konnen ou rich, e ou gen lò, ke ou pa bezwen anyen,” men:

*Mwen konseye w vin achte lan Menm lò ki pase eprèv dife,...*

186 Yon diferant sòt lò, ya, yon lò ke founèz cho te teste, ki te pase pa dife lanmò, ki te pase pa Kalvè, ki te soti deyò.

187 Anpil nan lò ou gen kounye a yo pèdi ten yo, yo va peri, yo va wouye. Si w vle pran nòt de sa, nan Jak...Sen Jak 5:1 a 4, e ou va wè kisa li ye, li di: “Ale, nou menm lèzòm rich, kounye a nan vini Seyè a, kriye epi jemi paske mizè ap kouvri nou, lò nou ap peri lan men nou.” Ou wè, se jan lò sa k ap peri.

188 Men lò ke Jezi bay la se Sentespri a, Lwil lò Lespri a, vide nan kè nou. Epi-epi, o la la: “Ba w konsèy, vin achte lò nan men m, si w vle vin rich.” O, wi.

189 Epitou, yo t “avèg.” Kounye a, sa s on move fason pou ye. M pa kwè Kreyen sa yo te sitèlman avèg menm jan yo te “myòp.” M kwè yo te myòp. Sèl bagay yo te ka gade se te gwo bilding yo. Sèl bagay yo te ka gade se te gwo asanble yo. Sèl bagay yo te gade se t on koral byen gani ak tout gwo rad ak bagay li yo. M panse yo te jis myòp, pat ka wè anlè nen yo, apèn. M pa panse yo t avèg, yo te jis myòp. Tout sa yo te ka wè se te pa yo... ”Ebyen, ou konn kisa? Nou fè pati de *Sesi se!a!*” Gwo denominasyon yo, gwo foul moun yo, anpil manm, lekòl di dimanch yo, bèl bildin yo.

190 Jezi te di: “Men yo te bezwen Sentespri a.” Yo te bezwen Sentespri a! Kidonk Seyè a te di yo: “Je...Si nou se...je sitèlman pa bon, epi nou sitèlman myòp jouk nou pa ka wè anyen esepite gwo bildin nou an isi a ak gwo bèl asanble nou an, ak pa nou...majistra vil la ak tout sa k ap vin nan legliz nou an, epi nou gen selebrite a. Epi n te bliye M. Men si n avèg nan pwen sa a, epi je n fè n mal nan eta sa a, M ap vann nou enpe remèd pou je.” Ya.

191 Ou wè, sa dwòl, doktè divinite sa yo pat g anyen nan sa a, se pa vre? Yo te gen anpil pafen, te gen anpil teyoloji. Men yo te bezwen remèd pou je, Sentespri Bondye a, pou mase je yo epi kite yo tann vini Seyè a, kite yo gade Bib la, kite yo gade Pawòl la. Yo konn kijan pou di “aa-mèn” jis egzakteman kòmsadwa. Yo te gen pafen a, yo te gen tout pomad yo. Men, Seyè a te di: “Yo te bezwen remèd pou je.” Te di: “Nou bezwen on ti remèd pou mete nan je nou, epi sa ap louvri yo.”

192 Sa te abitye fèt, lè m t on ti gason...M te di sa, m kwè, m te petèt di sa nan legliz la. Sa vin nan lespri m kounye a. M te grandi anba a nan mòn Kentucky yo, pou on pati, epi n te viv nan on vye kay ak planch bwa. Manman, isi a...E n te g on-te g on vye ti kote anwo a, e n te g on matla an-an pay. Epi sou matla pay sa a te g on kouvèti ki fèt ak plim. M pa konn si n konn sa k on kouvèti ki fèt ak plim ou non, oswa on kabann pay; on vye kabann, nou te twò pòv. Papa ak maman te gen kabann lan anba a. E kidonk nou te konn grenpe on ti nechèl epi rive sou tèt la, epi manman t ap mete, pa-pa-pafwa, on moso twal sou kouvèti ak bagay yo, pou kenbe...Ou konnen, ou kanpe...lonje la a epi konte zetwal yo nan mitan vye planch bwa sa yo ki met ak limyè lalin lan, ou konnen, e gen on gwo twou nan tèt kay la kon sa.

193 E kidonk lè nèj ap tonbe oswa on bagay, oswa lapli t ap tonbe, noumenm ti jenn yo t ap glise kò nou anba moso twal sa a-sa a, ou konnen, anpeche sa yo...anpeche n mouye. E pafwa van an t ap pase nan twou sa yo, nou-nou-nou t ap anrime epi je n t ap bay lasi. Ou konnen, nou tout t ap ret anrime, fred nan je nou. E kidonk manman t ap rele nou nan maten: “Desann.” M t ap di: “M pa ka vini, manman, paske tout je m kole ak lasi.” M te gen-m te gen bagay ladan l, ou konnen, fred nan je a. Pat ka fè yo louvri, ou konnen. On ti jenn lonje la a, epi mwenmenm ak Humpy avè yo ap eseye louvri je nou e n pat ka fè l, vin avèg.

194 Granpapa m t on moun ki atrap bèt ak pyèj, li te atrap chat koun, raton lavè. E se t on remèd pou tout bagay lakay nou, se te grès chat koun. Nou te grese soulye ak grès chat koun. E si w te gen larenjit, yo mete on ti terebantinn sou li epi jis, ya, ou te dwe vale l, kidonk, pou larenjit la.

195 Epi apres a lè tout je nou kole ak lasi, manman t ap mete bagay sa a... “Trè byen, jis on minit, cheri.” Li te kouri al nan kuisin lan epi pran gwo vye tas grès koun sa a epi mete l la

a, epi fè l vrèman cho. Epi l monte epi mase je nou, ou wè, jiskaske l te fè travay la. E apr on moman m te rive, pou m te ka wè, louvri je m. Pran...Grès koun lan te louvri l.

196 Epi m di nou, nou te g on kouran dè terib! Ou wè? Te g on fredy terib ki simaye nan peyi a. Batis yo te di: "Jou mirak yo pase. Pa g okenn bagay tankou Sentespri a, ak okenn pale an lang. Pa g okenn batèm nan Non Seyè Jezikri a." E, o, tout kalite kouran dè, e sa te fenmen anpil je ak kèk kalite fredy esprityèl. Sa ap pran plis pase grès koun pou louvri je sa yo, frè. Sa ap pran on nouvo batèm Sentespri...?...pou mase je nou epi n ka wè, pran myòp la soti nan nou konsa nou ka wè Pawòl Bondye a se verite. Se vre. O: "M konseye nou vin achte enpe remèd pou je nan men M, on kalite ki wenn je nou." Konsa nou...Konsa...

197 Doktè teyoloji yo gen pa yo...tout teyoloji a, ak pafen yo ak bagay yo, men sa te pran plis pase sa. Sa pran Sentespri a pou bay vizyon esprityèl la pou wè pwisans Syèl la k ap travay. Sentespri a, remèd Sentespri a! On remèd s on lwil cho, nou konn sa, e alò Sentespri a se Lwil Bondye a.

198 E tout teyoloji yo ak pafen an: "O, chè, frè, nou tout gen rezon. Pa g anyen ki mal ak...Tout bagay kòrèk. Ebyen, nou gen pi gwo legliz la la a nan vil la." Pafen sa a pap mache! Non, mesye! L ap fè w wè la a menm *isi a* (myòp) epi di: "Wi, nou gen pi gwo legliz la." Men sa k pase ak Jijman k ap vini an lè Bondye pral fè nou reponn, noumenm manm legliz Lawodise a?

199 M pap pale twòp isi a, men m sou kasèt e m prale atravè mond lan, ou wè, kidonk pale ak apeprè plizyè milyon moun nan moman sa a, ou wè.

200 Kidonk alò se sa. Lawodiseyen! Tyèd! Chite! Myòp! M pa konn tout kisa. Milèt! On milèt s on ibrid, li pa gen okenn bon sans pou kòmanse. Epi w pale avè l, li drese gwo zòrèy sa yo, li fè: "Ihan! Ihan! Ihan! Ihan!" Pa g okenn jantiyès nan li. Li s on ibrid, li nan mitan on chwal ak on bourik. Se sa pwoblèm lan kounye a, ou mete Nikolayit ak Lawodiseyen ansanm, epi w g on bourik ankò. Sa n bezwen...Se vre. Yo pa konnen. Ou pale yo sou gerizon Divin, batèm nan Non Jezi. Di: "Ihan! Ihan! Pastè m pa...Ihan! Ihan! Nou pa kwè sa kòm Presbiteryen." Iyoran! Sa apeprè konsa ou ta rele l...?...

201 M rayi on milèt. Men m di nou, m renmen on bon, chwal bon ras, janti, gason, ou ka anseye l on bagay. Ou ka aprann li bese, epi antre nan sik, epi prèske fè tankou yon imen ka fè, paske l se...li konn on bagay. Li g on ras. On milèt pa konn kiyès papa l te ye oswa kiyès manman l te ye, e l pa ka repwodwi tèt li. Se fason sa l ye ak kèk nan ansyen denominasyon frèt, fomèl sa yo, yo pa ka janm leve ankò. Osito legliz la antre nan on denominasyon, li mouri! Li pa janm leve ankò. Kisa l ye? Li ibrid!

202 Martin Luther te kòrèk, men lè l te òganize, kisa l te fè? Metodis te kòrèk, men lè l te òganize, kisa l te fè? Pannkot te kòrèk, men lè n te òganize l, kisa n te fè? Nou ibride l, nou te leve l nan yon legliz Katolik Nikolayit. Egzakteman sa n te fè! Te reprann fòm batèm li a, te reprann fason l yo ak aksyon l yo, epi Bib la te di: “Nou se pitit fi on pwostitye, on pwostitye. On pitit fi pwostitye yo!” Egzateman sa!

203 On chwal bon ras, ay, li janti. O, li bon, m renmen l. Mete tèt li sou zepòl ou, emab, janti. Pouki? Li konn kiyès papa l ye, li konn kiyès granpapa l ye, li konn kiyès papa granpapa l te ye. Li ka al dèyè nèt, li gen ras.

204 E m renmen wè on vrè Kreyen ki souche! Li pa vlope lèt li: li s on Metodis semèn pase, epi on Batis semèn sa a, epi on Pannkotis semèn sa a, epi on Pèlren Sentete semèn pwochèn. Li pa konn kimoun papa l ye oswa kimoun manman l ye. Men kite m di nou, on nonm ki ne de Lespri Bondye ka mennen w dèyè nèt nan Jou Pannkot la; li ka di w ki ras li ye, pannkotis! Amèn! M vle pannkot depi nan pwent tèt mwen rive nan pla pye m. M pa vle di Pannkot denominasyonèl. M vle di vrè pwisans Kris resisite a, vrè Benediksyon Pannkotis la.

205 Remèd pou je, louvri je nou konsa nou ka gade dèyè nèt epi wè kote l soti. Nou jis ap gade kisa legliz la ye jodi a; gade dèyè epi wè kote l soti, apresya kontinye avanse nan direksyon Bondye, na rale kò n sou li. Wi, mesye.

206 Trè byen, m te remake yon lòt bagay, te di: “Yo toutouni; toutouni epi pa konn sa.” Sèten.

207 O, toutouni epi pa konn sa. Kounye a, moun sa a nan on eta mizerab, si on nonm malere, avèg, mizerab, toutouni. Kounye a, si l-si l konn sa, l ap ede tèt li; men si l pa konn sa, pòv kanmarad la, tèt li pati. Èske se vre? Fiouw! Sa a t on jan fò. Tèt la pati, li pa konn ase pou l ede tèt li.

208 Ou te wè on moun k ap desann nan lari a, pòv, mizerab, avèg, malere, epi toutouni, epi w di: “Frè, ou toutouni wi.” “O, mwenmenm? O, O, frè, ede m antre on kote, ede m abiye tèt mwen.”

209 Men ou mache al jwenn yo epi w di: “Ey, èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?”

210 “Kisa w ye, on egzalte? Ebyen, di, kisa w vle di? Pa pale avè m kon sa, m se Presbiteryen, m se Batis, m sot nan sesi sela ak sesi sela.”

211 Toutouni epi pa konn sa! Kounye a, m pat janm di sa, Bib la te di sa sou laj sa a, Li te di: “Toutouni epi pa konn sa. Vin achte kèk rad nan men M.”

...rad blan...

Rad blan se pou Sen yo; se jistis Sen yo. Ou wè?...

212 Toutouni? O, sèten! Wi, mesye! O, ou di: “Frè Branham, pa legliz nou an, se legliz ki pi byen abiye nan vil la!” M pa t ap doute sa; kèk nan dènye modèl yo, twal ki pi byen taye yo, dènye abiman sipèsta Hollywood yo, sitèlman seksyèl ou t ap atire atansyon tout mesye nan lari a. En-hen. Sèten.

213 On dam te di m, te di: “Frè Branham, èske w vle di m? Kounye a, nou achte rad sa yo nan magazen epi se tou sa w ka achte.”

214 M di: “Yo toujou vann machandiz epi fè machin a koud. Se pa vrèman on eskiz pou sa.”

215 Bib la te di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou l anvè li, li fè adiltè avè l nan kè l.” Èske se vre? Ebyen, alò, si fanm lan abiye tèt li seksyèl epi mete tèt li devan on nonm, kimoun ki pou blame pou sa? Se fanm lan, li te pwodwi sa. Se egzakteman sa.

216 Kounye a, ou ta ka petèt pi, menm jan ak on flè lis pou mari w. Ou ka on jenn fi ki pat janm fè anyen ki mal nan vi w, on vyèj lè w marye ak mari w. Men si w abiye kon sa epi w lakòz gason ap gade w kon sa, li fè adiltè avè w deja nan kè l. Pechè sa a te gade w. Antan ke Kreyen ou ka met rad ki pi byen taye nan vil la, pi bèl lenn yo, men se pa on Sen Bondye ki pou vin abiye kon sa.

217 [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] O, wi, pa vin jwenn on pitit Bondye.

218 Yo di: “O, non.” Ebyen, yo di: “Legliz nou an...” Nou byen abiye? Yo te di yo sa. Yo te “rich, pa bezwen anyen.” Sèten. Pouki, yo te di: “Menm pastè nou mache ak on gran gwo rad sou li. Tout koral la mache ak on gran gwo rad sou yo.” Dyab la te vlope kò l anba l. En-en. En-en, se vre. O! Hmm, hmm! Ebyen, pito m pa di sa a non plis. Kidonk, m ka kite sa a pase. Trè byen.

219 O, tout gwo bagay sa yo! Koral ak wòb, koral yo peye, ou dwe peye yo pou yo chante. Hmm. Ou dwe bay predikatè a sitèlman anpil oswa l ap pran on lòt chay ki peye l on tikras pi byen. L ap rele konsèy administratè a epi di: “Kounye a, frè, mwen-mwen...nou te trè janti avè m isyèl a, nou ban m *tan konbyen* santèn pou on semèn,” oswa on lòt bagay kon sa. “Men lòt Legliz Presbiteryen an nan...” (Rele l “Pannkotis” oswa kèlkeswa sa l ye a.) “an fas isyèl a, yo te-yo te fè m on pwomès ke yo ta pral ban m *tan konbyen* an plis.” O la la!

220 Lè sa a kisa on pòv sen genyen? Ki chans yo genyen? Kisa yon pòv ti legliz ranpli ak Sentespri genyen, ki kalite chans yo genyen? Yo pa ta ka peye anyen kon sa. Kidonk Seyè a jis leve on bagay pou ou lè sa a, amèn, ke L chwazi Limenm, ranpli l ak Sentespri a epi mete l kòm siveyan jeneral sou li. Voye desann...Li te di: "M konseye w vin achte rad blan nan men l." Bib la te di: "Rad blan yo se jisti-...sen yo."

221 Kounye a, m kwè nou...Ann rive nan apeprè-apeprè vèsè 19 la kounye a. M kwè se apeprè nan vèsè 20 an ke n ye, pou sa m ka pi byen wè a. Ya, ya, epi n ap konkli sou sa. Kounye a, ret vrèman an silans kounye a epi koute kounye a pandan n ap fè sa. Koute:

*Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m', si l' louvri pòt la ban mwen, m'a antre...e m'a manje ansanm avè l', la manje ansanm avèk mwen.*

*Tout moun ki genyen batay la, m'ap ba yo dwa chita bò kote m' sou fòtèy mwen an, menm jan mwen menm mwen te genyen batay la tou, pou koulye a mwen chita bò kot Papa m' ki chita sou fòtèy li a.*

*Se pou moun ki gen zòrèy tande sa Lespri a ap di legliz yo.*

222 Sa se youn nan deklarasyon ki pi ekstraòdinè ke m te janm wè nan Nouvo Testaman an. M vle n remake: "M kanpe nan pòt la e M frape." Jeneralman yo sèvi ak sa a, on sitasyon pou plede kòz pechè yo a nan apèl. Èske se vre? Nou di pechè yo: "Jezi nan pòt la, ap frape." Men isi a L ap frape nan pòt *legliz* la paske on fwa Li te konn mache avè yo, men yo (ak òganizasyon yo a ak bagay lemond ak frèt yo frèt la) te ekskli L. Li sou deyò legliz la.

223 Kounye a, sonje, nan premye nan laj legliz yo, antan n ap konkli, Li t ap mache nan mitan sèt chandelye lò yo (Èske se vre?), sèt laj legliz yo? Epi nan fen an isi a, nou jwenn Li deyò ki legliz? Lawodise an, legliz Lawodise an. Deyò, yo te ekskl-...ekskli L. Pouki, Li te kanpe sou deyò ap eseye tounen antre. Al on imaj ki fè pitye! Sovè mond lan, kanpe deyò legliz ke L te achte ak Pwòp San L. Wont pou yo!

224 "M kanpe nan pòt la e M frape." Apre yo te pouse L soti oswa ranvwaye L, apres a ap eseye tounen antre, ranpe pou L tounen epi frape nan pòt la. Sa se temwayaj ki pi frapan nan Nouvo Testaman an. M panse pa g anyen k ta ka pi tris pase sa, pou wè Sovè mond lan yo mete deyò nan Pwòp legliz Pa L, laj Lawodise a. Apre L te fin di yo kisa yo te fè, richès yo ak tout bagay, epi kisa yo te ye, epi kijan yo te tyèd e latriye, epi yo-yo te gen...yo...Li pat gen pou L te krache yo soti, yo te krache L soti. E men kote tout sa a te ye, toujou ap frape nan pòt la, ap eseye tounen antre. Pou kisa? Pou ba yo Lavi Etènèl. Sila yo menm ki te touye L

sou Kalvè, Li t ap eseye sove nanm yo. Se imaj ki pi tris anpil ke m te janm wè nan vi m, te janm panse.

225 Eskli! Nan kisa yo te eskli L la? Kounye a, koute, zanmi. Si sa pa frape! Pran on foto I, kite I antre fon nan kè w. Sovè nou an, lè L te sou latè, Li te eskli nan Pwòp nasyon L. Yo te rejte L, Li te eskli. Mond lan te eskli L epi klouwe L sou lakwa. E kounye a, se nan Pwòp legliz Li, Li te eskli. Yo pa vle L pyès kote, pa bezwen L. Yo te g on denominasyon, yo pat bezwen L. Yo g on pap, kisa yo ta bezwen avè L ankò? Yo te g on achevèk, on siveyan jeneral, yo pat bezwen Sentepri a ankò. Yo pat bezwen Sa ankò. Kris, Sentepri a, yo pat bezwen L. Kifè yo se...

226 M pa kwè yo te jis voye L jete deyò, paske yo pat sonje L. Yo pat sonje L, paske yo te toujou ap chante chante pou Li. Predikatè a te toujou ap pale de Li, kidonk yo pat sonje L. Men pwòp bagay lemond yo ak òganizasyon yo, ap òganize, ap di: "Jou mirak yo pase epi pa g okenn bagay tankou *si ak sa*."

227 M mande nou. Chak revèy ki janm vini (nenpòt, noumenm istoryen), kounye a, desann isi a, legliz sa yo, chak revèy ki janm vini, l...yo te toujou mennen sa andeyò yon òganizasyon. Nenpòt moun ki te janm kòmanse yon revèy, te andeyò òganizasyon yo. E chak fwa on-on revèy te kòmanse, yo te gen siy ak mirak pale an lang ak gerizon, e latriye kon sa, k ap pase. Osito fondatè sa a te mouri, lè sa a yo te òganize l epi fè yon òganizasyon avè l, e yo te vin "mouri" dwat epi Bondye pat janm ranse avè l ankò. Se egzakteman sa.

228 E isi a Li nan dènye laj legliz la, kanpe sou deyò pòt la, Bondye Toupwisan. Sa-sa rache kè m pou m panse a sa. Seyè m lan kanpe sou deyò pòt Pwòp legliz Li a, apre bagay lemond ak sa k frèt ak denominasyon ak endiferans te pouse L deyò, kanpe sou deyò pòt la, ap frape, ap eseye tounen antre. Lè m te panse sa, sa f on moman, m te jis panche sou tab mwen an epi m te kòmanse kriye. M te panse...

229 M te panse souvan, lè Jezi te chita nan kay ansyen Farizyen sa a la a, pèsòn pat fè okenn atansyon a Li, lè L te gen pye sal. Yo pat rankontre L nan pòt lan epi lave pye L epi wenn Li, pran fimye ak bagay kote L t ap mache an; rad Li ki t ap bale toupatou, mennen move sant wout la kote chwal yo ak bagay yo te vwayaje, epi-epi gen move sant sa a sou Li.

230 Yo t ap toujou lave pye yo, se te koutim lan. E on ti sèvitè pou lave pye te ret nan pòt la. E lè yon nonm vini, yo t ap lave pye l, epi monte la a epi pran on ti pè sapat ki bon pou li, mete l. E yo te wenn tèt li ak pa l...epi fè l santi bon, epi boule nan kou l ke reyon solèy la te fè, repeyen cheve l. Li t antre.



231 E akèy pou envite a, kounye a men fason yo...Kanpe isi a on minit, Pat, m vle montre nou on bagay. Men fason yo te fè, yo t ap akeyi l kon sa. Kounye a, m kwè...Non, tankou isi a, m kwè se tankou on bagay nan jan sa a isi a, pou akeyi kon sa, ou wè, epi bay youn lòt akolad. E yo te akeyi l.

232 Men lè Jezi vin nan fèt sa a, jis tankou L vini nan fèt Pannkotis la isi a, yon moun te sonje L. Yo te sitèlman entèrese nan zafè yo, evèk yo e latriye te l a. Yo te envite Jezi men pèsòn pat lave pye L. E men L te chita nan kwen an, apèn si yo te konnen L te la a, ak pye L santi, kras nan tout kò L, plen pousyè.

233 E lè sa g on pòv vye pwostitye nan lari a ki monte la a, li te sèlman g on tikal lajan nan on sak. Epi l te gade la a epi l te wè Jezi chita la a ak pye sal. Sa te rache kè l. Li te di: "Sa se nonm ki padone fanm sa a peche l yo. Sa se nonm ke m te tandè ki te fè gerizon an. Poukisa yo pa fè atansyon a Li?"

234 Paske evèk yo ak yo tout te nan viwonn lan, yo te eskli L. Men Li...Yo te envite L vini.

235 Se fason sa nou fè. Nou envite L vini nan reyinyon nou yo, men apre lè nou vini nou wont Li. "O, m pa t ap ret kanpe epi di 'Lwanj pou Seyè a.' O, non, men Joneses yo chita la a, yo t ap panse m s on egzalte." Noumenm ipokrit! Se vre. "M pè pou m ta pale an lang epi yo ta rele m on 'nonm lang.'" Oumenm malere mizerab!

236 Kounye a, nou sonje, sa ap antre, nou wè. Nou mizerab, malere, pòv, toutouni, epi avèg, epi n pa konn sa.

237 Jezi chita la a ak pye san lave. Epi on pwostitye nan lari, m te ka wè l k ap desann a, ann-ann pale...pran l pou on minit. M ka wè l k ap desann al nan magazen an, epi l di: "Mwen..." Epi dlo nan je l kòmanse koule nan figi l, epi l te di: "Mwen-m pa ka fè l. Si-si-si m pran bagay sa a anwo la a, L ap konnen kote m te pran kòb sa a. Li konnen kijan m fè genyen l, men se sèl bagay mwen genyen."

238 Se tout sa L vle. Se tout sa L vle. Ou wè? Ki mele L. Ou jis vini: "M pa mennen anyen nan bra m."

239 Kidonk li t achte enpen pomad epi l te pote l anwo a. Epi l te monte la a epi l te panse: "O, si m te ka jis wè L!" Epi apre l te glise antre epi l te rive bò pòt la on kote.

240 E, non, yo pat akeyi L. Kidonk li te pran bwat albat la epi l te kase l epi mete l sou li...sou pye L, epi kòmanse lave pye L. Epi l te pran kriye: "O, fòk se Li. Se sou Sila a m te toujou li nan Bib la. M konnen L t ap rekonèt sa." Epi premye bagay ou konnen...Al on bèl dlo pou pye L, dlo nan je repantans k ap tonbe sou pye L. Li pat g okenn tòchon pou siye pye L

avè l, kidonk li te leve epi l te pran cheve l yo. Bèl bouk tou defèt, dlo nan je ap koule sou figi l kon sa. Li te lave pye L, epi tanzantan l t ap [Frè Branham fè son on bo—Editè a.] bo pye L, lave pye L kon sa.

241 Jezi ak pye sal, epi pèsòn pa fè okenn atansyon a sa. E jodi a Li pot on vye non tankou on egzalte, on bagay oswa on lòt kon sa, epi lèzòm pa gen kran pou kanpe pou Li.

Lakwa konsakre sa a m pote,

Jouk lanmò va libere m,

M ap pran chimen ak tikal moun Seyè a ki meprize,

M te kòmanse antre ak. Jezi, O Seyè, Ou fè m pase.

(Fè m pase, Seyè, kèlkeswa sa sa koute.)

242 M gen, tankou Jakòb, on zòrye, on wòch. Ki diferans sa fè? Sa L te fè pou mwen!

243 E pòv pwostitye sa a la a, t ap rele, kriye. E premye bagay ou konnen, men Simon kanpe isi a, gwo nonm ki te fè L desann lan, te di: “Uhm, uhm, uhm, uhm! Sa montre si L s on pwofèt oswa non, li t ap konnen ki kalite fanm sa ye.” Ipokrit sa a!

244 Kidonk apre l te fini nèt...Epi Jezi pat janm bouje pye L, Li te jis chita epi gade l epi obsève l. O, m renmen sa. Se pa gwo bagay ke n fè, se ti bagay ke n kite san n pa fè yo pafwa. Li te gade l, te jis gade l chita la a. Pèsòn pat fè okenn atansyon a Li; alafen, limenm anndan la a ap kriye epi lave pye L, on jan fè atansyon a sa, te gen atansyon moun yo. Epi Li te jis gade l, pat janm di on mo.

245 Vye Simon ki te kanpe dèyè la a, te di: “Uhm! Nou wè si L s on pwofèt oswa non, pa vre? M te di nou! M te di nou! Si L t on pwofèt, Li t ap konnen kimoun fanm sa ye. Nou wè, nou te gran legliz la isi a, nou wè, nou konn, sa. Nou konnen L pat on pwofèt, Li t ap konnen sa.”

246 Apre l...Apre l te fini nèt, dlo nan je repantans sa yo k ap koule nan figi l, te lave pye Jezi. Li...M kwè Li te santi L on tikal rafrechi.

247 O Bondye, m ta renmen pou m ta la a! M t ap lave yo ankò. Wi, mesye.

248 Gason, èske on fanm pa t ap redi pou l siye pye yo ak cheve l yo jodi a? Li ta dwe kanpe sou tèt li pou l fè l, pou l gen ase cheve pou siye l. Wi, mesye, koupe tout.

249 Men la a, pye Jezi yo, pèsòn pa fè...(kritike), chita tou wont, move sant sa a sou pye L. Li te lave L. Apre L te fin-apre L te fini nèt, Li te gade l kòm pou di: “Trè byen.”

250 Te gade la a, te di: “Simon, m g on bagay pou m di w. Ou te envite M isi a, e ou pat janm rankontre M nan pòt la. Ou pat ban M okenn dlo pou M lave pye M avè l. Ou pat janm wenn tèt Mwen lè M antre, retire boule solèy la sou Mwen. Ou pa janm ban M okenn bo pou akeyi M lè M antre. Men pòv fanm sa a,” (O la la.) “eskli sa a, on pwositye nan lari, li pat g okenn dlo pou lave pye M epi l te lave yo ak dlo nan je l. Li pat g anyen pou siye yo, kidonk Li te pran cheve l, li te siye yo. Li t ap bo pye M san rete. Kounye a M vle di w: peche l yo, ki t anpil, padone pou li.” Se vre, pat janm di anyen sou pa l yo. “Peche w yo, ki anpil, padone.”

251 E jodi a lè Jezi, kanpe sou deyò pòt òganizasyon Pannkotis yo, òganizasyon Batis yo, òganizasyon Metodis yo, ap eseye tounen antre ak pannkot ankò, epi moun yo ap pase sou Li. Apre ou...bagay lemond ou yo ak bagay yo ki te pouse L soti nan legliz la, L ap kanpe, eseye, kriye pou L tounen antre ankò. E, o, se bagay ki pi tris anpil m te janm wè nan vi m. Pa okenn bezwen l! Limenm, deyò, ap frape, eseye antre. Se menm bagay L ap eseye fè. Poukisa? Poukisa? Li te deyò.

252 Yo pat janm jete L deyò. Yo te toujou chante sou Li, preche sou Li, men yo pat janm sonje L nan prezans yo. Se vre. Yo te kontinye ale dwat. Poukisa? Yo te myòp. Yo t ap gade gwo bildin yo a. Yo te rich. Yo t ap gade gran òganizasyon yo te fè pati a, ap eseye bati l, ap fè plis manm antre ladann, epi yo pat sonje L. Non, non. Yo pat sonje pale an lang. Yo pat sonje gran mesaj pwisan Bondye Ki koupe rive nan kè a epi sikonsi kè a, rache bagay lemond yo epi kale w tankou on moso mayi. O, yo...

253 Si w te preche kon sa nan legliz yo, yo t ap mete w deyò. E se fason sa Sentespri a te preche. Jezi te di: “Noumenm jenerasyon koulèv! Nou-noumenm sèpan nan zèb!” Epi Jan te di, tou, epi gwo moun wen, toujou te rache po yo sou yo. Se vre.

254 Men yo pat sonje L, paske yo pat gen Sa. Ou wè? Kidonk yo te g on ti bagay fleri k ap bat do yo, epi di: “Jis antre, mete non w isi a menm, epi-epi n ap pran w nan adezyon ou. Epi al pran papye w nan lòt legliz la epi n ap resevwa w, e-e latriye. Kounye a, angajman w pral konbyen pou chak ane?” Ou wè, se sa: “Rich, pa bezwen anyen.” O! Men ou bezwen pi gran bagay la epi w pa genyen L, Jezi kanpe deyò ap eseye tounen antre ak pannkot.

255 Kisa n panse ki t ap rive aswè a nan legliz Metodis la si Sentespri a te tonbe sou legliz la epi yo kòmanse ap rele, sote, pale an lang epi aji tankou on moun sou...pakèt moun sou? Pouki, Konferans la-la t ap jete legliz Metodis sa a andeyò Konferans lan. Nou konn sa. Kisa k t ap rive nan legliz Batis la si sa te pase? Menm bagay. Pannkotis? Poukisa, gen anpil nan

yo, se menm bagay la ki te rive. Sèten. Wi, mesye, yo pa t ap soutni bagay san sans sa. Yo t ap di: “Poukisa, yo te menm gate nouvo tapi nou yo.” En-en, sèten. O la la! O la la! Al on pakèt mizerab yo ye. Se vre.

256 Ebyen, trè byen, on fwa L te avè yo, Li te mache avè yo nan mitan sèt chandelye lò yo. E men repons lan: denominasyon ak lòt bagay lemonn yo, evèk yo, kadinal yo, ak tout lòt bagay lemonn yo, te mete L deyò epi yo pat janm sonje L. Epi legliz la...

257 Kounye a, kisa n pral fè pou n fè L tounen antre? Si L deyò legliz Pannkotis la kounye a, kisa n ap fè pou fè L tounen antre? Èske sa pral pran yon vòt inanim nan men moun yo pou mennen L tounen? Èske sa pral pran eleksyon on nouvo pap, nouvo kadinal? Oswa petèt sa pral pran-sa pral-sa pral pran on nouvo denominasyon k ap leve. Sa p ap janm pran !! Sa p ap janm fè l. On nouvo denominasyon p ap fè l, on nouvo-on-on-on-on-on nouvo kadinal p ap fè l, on nouvo pastè p ap fè l, on evanjelis ki byen peye p ap fè l. Pa g anyen nan mond lan ki ka fèt esepite oumenm menm. Kijan nou ka fè L antre? Pa pa yon vòt. Non, mesye. Nou pa vote pou Jezi tounen antre, paske Li p ap antre.

258 Men sa-men sa l ye: “Si on moun va tandè Vwa M epi louvri pòt la.” Kounye a, nou konnen kisa pòt la ye alò. “Si yon moun va louvri pòt la, tandè Vwa M.”

259 Pa-pa “si yon legliz...Si on òganizasyon...” Non, mesye. Li pa an afè avè yo, yo mouri e yo fini pou kòmanse. Li rayi l, Li te toujou rayi l. Li te di L te rayi !! E Li rayi l toujou aswè a!

260 “Men si on nonm,” nenpòt moun Metodis, nenpòt moun Batis, nenpòt moun Presbiteryen, oswa nenpòt moun Katolik, nenpòt moun Legliz de Dye, moun Nazareyen, moun Pannkotis. “Nenpòt moun ki va tandè Vwa M epi va louvi pòt la, Mwen va antre epi soupe avè l epi limenm avè M.” Sa se mesaj legliz Pannkotis la. Pa eseye fè revèy nan òganizasyon Pannkotis la, men fè revèy nan Benediksyon Pannkotis la nan kè endividi a. Sa s sèl fason a. “E M va soupe avè l, e limenm, Mwenmenm.”

261 Kisa mesaje legliz la fè...mesaj pou legliz la anseye nou lè sa a, anseye-anseye nou? Pa grandi nan Lespri a. Non, mesye. Diminasyon Lespri a, nou g on dimasyon tout tan. Metòd la...Mesaje legliz yo-yo ak mesaj pou chak laj legliz te kondane denominasyonis. Chak mesaj pou legliz la, legliz la t ap bese san rete epi t ap koute L. Mesaj pou legliz la-la pat gen respè pou denominasyon yo. E l te fè Kretyen ibrid, swadizan, se vre, ki pa konn anyen sou Bondye oswa Sentespri a. Sa a vre menm jan m kanpe nan lestrad sa a aswè a. Manm debyen tyèd yo, sèlman pou bouch Li krache yo soti.

262 Pòl te avèti, Moun lòt Nasyon yo te on branch. Kounye a, m vle kèk nan nou, si n vle, vire nan Women, chapit 11, vèsè 15 rive 27, jis konsa nou ka ekri l, nou tout. Epi apre, kòm li

ta, m ap site sa pou nou kounye a jis anvan n pati, paske s on...Kounye a, Women, si nou vle ekri I, 11:15 rive venn-...rive 27. Pòl te di yo, te di, ap pale ak Moun lòt Nasyon yo la a, Women yo, li te di: “Si Bondye...” Kounye a, koute antan n ap fini sou Laj legliz yo! Pòl te di: “Si...Bondye pat epaye pye olivye orijinal la, men koupe l poutèt enkredillite.”

263 Èske se vre? Kisa k te lakòz yo koupe yo? Paske yo te rejte pannkot. Èske se vre? Nan Jou Pannkot la yo te pran plezi epi te blasfeme Sentespri a.

264 Lè Jezi te isit sou latè a, Li di... Yo rele-rele L, “Bèlzeboul,” yo di “Li te on dyab,” yo di “Li son divinò,” e kisa ankò.

265 Li di: “M padonnen nou pou sa, men lè Sentespri a pral vini, pa pale kont Li; paske si w pale kont Li, Li pap janm padonnen w.

266 E raple nou lè Jezi te mande disip Li yo, “Pa ale wè moun lòt nasyon yo.” Pa vre? Men al wè pito brebi Izrayèl yo ki pèdi.

267 Kijan yo kondane tèt yo? Yo blasfeme kont Sentespri a, yo rele Lespri Bondye a “on bagay ki pa pwòp.” Yo pase L nan tenten lè yo tap danse nan Lespri, e ensidswit, nan Jou Lapannkòt la. Menm vil sa a, yo te pase nan tenten, Titus te touye yo ladann e san yo tap koule devan pòt la. Yo manje pwòp pitit yo, tout bagay, nan menm syèk la. E se vre. Youn nan pi gwo nasyon nan lemonn te vini sak pi ba a, e te dispèse nan... kat van latè a. Poutèt kisa? Enkredilite! E sa se te souch orijinal la, pyebwa orijinal la, Izrayèl.

268 E èske Pòl pa di la a? Kiyès ki gen Ekriti a la a? Ou genyen I, Pat? Leve e li depi 15ie jiska 27ie vèsè a.

*[Frè Pat li: Wi. Si lè Bondye te mete jwif yo sou kote, sa te penmèt tout moun sou latè rive vin byen ak Bondye ankò, nou pa bezwen mande kisak va rive lè jwif-jwif yo va tounen vin jwenn favè Bondye? Se va lavi pou tout moun ki te mouri yo?- Ed.]*

*[Lè yo ofri premye moso pen an bay Bondye, tout rès pen an vin pou li tou. Si yo ofri rasin yon pyebwa bay Bondye, tout branch li yo vin pou li tou.]*

*[Pèp Izrayèl la tankou yon pye oliv kay. Yo koupe kèk branch soti ladan li. Ou menm ki pa jwif la, ou tankou yon branch pye oliv mawon yo grefe nan plas branch yo koupe yo. Kifè koulye a, se ou menm k'ap pwofite lèt rasin k'ap nourri pye oliv kay la.]*

*[Se poutèt sa, pa gonfle kò ou sou branch ki koupe yo. Ki jan ou kapab ap fè grandizè? Pa bliye, se yon senp branch ou ye. Se pa ou k'ap pote rasin lan. Men, se rasin lan k'ap pote ou pito.]*

[Lè sa a wa di m': Wi. Men, yo te koupe branch yo pou yo te kapab grefe m' nan plas yo?]

[Wi. Se vre sa. Men, yo te koupe yo paske yo pa t' gen konfyans nan Bondye,...-Ed.]

Tande, "Enkredilite!" Ok, kontinye.

[...ou menm ou kenbe paske ou gen konfyans nan Bondye. Pa kite lògèy pran tèt ou. Okontrè, se pou ou gen krentif anpil nan kè ou:-Ed.]

[Paske, si jwif yo ki branch pyebwa a menm Bondye pa te al dousman ak yo, se pa avè ou la pral dousman.]

[Sa fè nou wè ki jan Bondye gen bon kè, ki jan li sevè tou. Li sevè pou moun ki tonbe yo, men li bon pou ou menm. Men, se pou ou rete fèm nan renmen Bondye. Si se pa sa, ou menm tou y'a koupe ou tankou lòt branch yo.]

[Konsa tou, si jwif yo pa pèsiste nan movèz fwa yo, si yo rive gen konfyans, y'ap grefe yo tou kote yo te ye anvan an paske Bondye gen pouvwa grefe yo ankò.]

[Ou menm ki pa jwif, ou se yon branch pye oliv mawon yo koupe. Atout ou mawon an, yo grefe ou sou pye oliv kay la. Men jwif yo menm, se branch pye oliv kay la menm yo ye. L'ap pi fasil toujou pou grefe yo ankò sou pyebwa pa yo a.] Hmm.

[Frè m' yo, mwenn vle fè nou konnen sekrè sa a ki vre tout bon, konsa nou p'ap mete nan tèt nou nou gen pi bon konprann pase sa. Men sekrè a: Yon pati nan pèp Izrayèl la rive gen tèt di. Men, se pa pou tout tan. Se va pou jouk tan tout Moun lòt Nasyon yo va fin delivre.]

[Se konsa tout pèp Izrayèl la va delivre, dapre sa ki ekri nan Liv la: Moun k'ap wete lèzòm anba esklavaj la, se nan Siyon l'ap soti. L'ap wete tout mechanste pitit pitit Jakòb yo, voye jete byen lwen:]

[Men kontra m' pral pase avèk yo lè m'a wete tout peche yo.]

269 Èske n konprann? Pòl di: "Si Izrayèl vini e wè isit la siy Sentespri a, e ke yo te koupe..."  
Sonje, paske yo te rejte mesaj Pòl la (batèm nan Non Jezi, repantans e batèm nan Non Jezi, siy ak mirak ki tap swiv kwayan an), E yo te rejte L. E yo di:

...gad, nou tounen bò Moun lòt Nasyon yo.

270 Pa vre? Annou wè, m kwè se nan... kote yo te rele Kreyen pou premye fwa, se te a Efèz, trè byen, Antiòch.

271 Bon-kounye a, si-si premye pyebwa a te sen, branch li yo te sen, pyebwa orijinal la, e paske yo pat kwè nan Mesaj Lapannkòt ke Pòl tap preche (se pa vre?), Bondye koupe yo e Li pran on pye oliv mawon (ki te Moun lòt Nasyon, nou menm) e Li grefe nou pou nou ka viv de... sibstans pye sa a.

272 Kounye a, konbyen plis nan jou jodia kote nou rejte Mesaj Lapannkòt la ki travèse laj legliz la, konbyen plis Bondye kapab koupe nan vye pyebwa mawon sa a, de tout fason, e kite lòt la antre? Paske I pral rejte I, poutèt enkredilite I. Kounye a, fè lyen an ak leson maten an. Nou konn kote nou ye kounye a, pa vre? Nou nan fen tan an pou anlèvman Egliz Moun lòt Nasyon a, Anlèvman an pou Sa, e devèsman Sentespri a ki dwe vini sou Jwif yo, e Jezi kap fè tèt Li konnen, pou sele san karant-kat mil yo. Men li. Pote tounen pyebwa orijinal la (tounen nan Benediksyon an) nan Izrayèl ankò.

273 Jezi pap rete deyò devan pòt ou pou frape tout tan. Gon moman kote Lap bouke e Lap vire do L, lè sa a se ou ki pral frape, men ou pap janm jwen Li. Vini pandan li lè. Vini pandan ke Lap frape. Pa fè konpromi avèk lòt bagay ke batèm Sentespri a jan yo te fè I lè Lapannkòt la, avèk menm tip batèm dlo a, menm bagay ke yo te fè lòt bò a. Pa kite anyen mete mwens ke sa nan kè w.

274 Kounye a, nou menm zanmi Katolik mwen yo, kite m di nou on bagay, nou kwè na la vyèj Mari. La vyèj Mari, manman Jezikri, te dwe pase pa Lapannkòt pou I te ka ranpli ak Sentespri a, e li te aji tankou on moun ki sou. Li te avèk sanven yo, e I te resevwa batèm Sentespri a, ap pale an lang e li aji tankou on fanm ki sou, anba Lespri Bondye a. E si vyèj Mari a te dwe fè sa pou antre nan Glwa, kijan nap fè antre, avèk anyen mwens ke sa? Panse a sa. Se vre.

275 Batis yo... Predikatè Batis sa a la a vle si ke sa a adrese a Batis yo tou. Sa a pou tout moun, kèlkeswa moun lan.

276 Alò jis vin manb on legliz epi resite on kredo, e ale legliz chak Dimanch maten, pap fè byen pou ou menm. Ou jis ap imite Bondye. Swa ou son vre Kretyen oubyen pa vin anyen menm. Se pou ou cho oubyen frèt. Swa ou deyò... paske ou pa ka vin...Ou pa janm wè on zwazo nwa e blan, ou pa janm wè on moun sou e sòb, ou pa janm wè on pechè ki sen. Non, ou pa wè sa, yo pa fè sa. Swa ou ranpli ak Sentespri a e Bondye ap viv an ou, oubyen ou pa ranpli menm. Se-se sa w ye ou se pa sa.

277 Donk nou dwe-nou dwe sonje ke Jezi kanpe devan pòt nou, e fòk nou sonje pwomès Bondye isi a, ke Lap fè nan jou sa yo. Poutèt kisa? Rejè a. Kisa ki te la kòz Izrayèl te koupe, pyebwa orijinal la? Paske yo te rejte Mesaj Lapannkòt Pòl la. E èske nou kwe ke se dènye laj

legliz la? Se sa Bib la di! E kisa k pral rive yo? Yap koupe paske yo rejte Mesaj Lapannkòt la, e apres a Bondye pral retounen ankò bay Jwif yo.

278 E tout Izrayèl pral sove, paske Lap pran yo tankou on nasyon e non tankou on endividi. Men pou ou menm avè m, li endividyèl, paske Li vini a Jwif yo... Ak yo, nan Liv Ak yo, Li vini a Moun lòt Nasyon yo pou pran on “pèp Moun lòt Nasyon pou pote Non Li”, epouz Li. “On pèp”, youn isit, youn la a, youn pa isit, e Li trete nou tankou endividi, kèlkeswa ras la, kwayans la, ou koulè a. Li trete avè nou antan ke endividi, se boukè Li ke Lap mete sou otèl Li. Men pou Jwif yo, Li toujou trete Izrayèl tankou on nasyon, yo son nasyon moun, nasyon Li.

279 M kontan aswè a ke nou gen Mesaj sa a. E m trè kontan ke nou vini, e m te trè apresye prezans nou. M rekonesan anvè Bondye tou pwisan ke Li kite m wè sa m wè, e ke te ka bay legliz sa a, kounye a li pa nan kè m ankò. Pandan on ti tan, Sentespri a tap aji nan kè m, m pat ka debarase m de Li, m te dwe kontinye avè L.

Gen de bagay m santi ke m te dwe fè.

280 Al nan Shreveport, Lwizyàn, pou on reyinyon ak Frè Moore. Epi madanm mwen ki chita la a ka di nou. Pandan dè semèn m te prèske kriye: “M vle al Shreveport. *Poukisa?*” E nenpòt moun ki te la a nan Shreveport konn *poukisa* kounye a. Yo pat janm wè oswa tande anyen kon sa. Predikatè k ap sot toupatou, Batis ak diferan kalite. On mesye te di li te kòmanse, mete men l nan on frijidè, epi Sentespri a vin sou li epi te di: “Al nan Shreveport, Lwizyàn, li pral di w la a sa pou fè.” Te di l non mwen epi kote pou jwenn...Te di: “L ap di w sa pou fè.”

281 M te di: “Pisin lan louvri anba eskalye yo. Ou bezwen batèm Sentespri a.” E la a...

282 Kifè bagay kon sa, moun t ap pale, epi-epi pwofesi ak bagay predi bagay ki te rive la menm nan mitan nou.

283 Apres a m te di: “M dwe al Jeffersonville epi ekri liv sa a, paske m pa konn pou konbyen tan ankò m dwe isi a. Men si m eksprime Sa epi L al ekri, apre m fin ale Pawòl la ap kontinye viv.” M gen istwa a ki te ekri ki pral nan liv lan. Epi m vin isi a pou m pote l devan legliz la pou jwenn enspirasyon Sentespri a, paske m pat konn bagay sa yo pou tèt pa m. Se vre. Sa se nan Non Seyè a, se vre: “M pat konnen yo.”

284 Kounye a m santi m delivre, m santi ke Bondye te pot Mesaj la ban nou. M kwè ke nou nan fen wout la, m kwè ke lè a isi a, pou manifestasyon Bondye a fè yo konnen l nan mitan nou. E m pa konn pou konbyen tan ankò sa pral ye, men byento lè a toupre.

285 Na pral tann pou gran sila sa a leve. Li ta ka vini nan jou pa m, li ta ka vini nan jou pi bonè an, m pa konnen. Li ta ka la menm nan mitan nou kounye a, nou pa ka di. Sentespri a



isi a pou gide nou jouk nan tan sa a, apres a lè lidè sa a va okipe nou l ap toujou wenn ak Sentespri a; Eli a-a va, byensi, ki va vini. Men l ap lidè k ap vire kè timoun yo, oswa, kè timoun yo tounen bay Mesaj Papa a, tounen nan Mesaj Papa nou ki nan Syèl la nan Jou Pannkot la lè Li te vide Lespri L.

286 Ke ti liy sa a, m te pote l jis otan m te kapab pwòch listwa a ak Bib la, epi m te montre ke bagay sa a te desann dwat nan laj legliz yo, epi se sa l ye jodi a, te montre ke denominasyon yo se madichon devan Bondye. M espere sa regle nan lespri nou, pa Bib, pa ak apot yo, pa listwa ak tout. Ke...

287 E pa janm g on sèl moman ke Bondye te janm òganize Legliz Li. Manman legliz òganize yo se yerachi Katolik Women an. Legliz Katolik Women an, se manman òganizasyon yo. E osito revèy la kraze nan nenpòt gwoup Pwotestan, yo tounen dwat epi yo fè menm bagay la. E Bib la te di: "Li te on pwostitye. E limenm, li te gen pitit fi ki se legliz ki soti nan li." Yo te dwe fanm, pou yo te pwostitye. Men l la a. Kidonk nou chita...

288 Men Li te di sa tou: "Pa pè, ti twoupo, se bon volonte Papa nou pou ban nou Wayòm lan." Kidonk ke nou tout, nan jou sa a, noumenm Metodis, Batis, kèlkeswa sa n ye a: "Nenpòt moun ki vle louvri pòt la, M ap antre epi soupe avè l."

289 Ke yo konte nou, frè m, sè m, ke yo konte nou nan ti twoupo sa a nan jou sa a. Ke nou fè pati de ti twoup sa a k ap tann lè L vini, antan L vin chache l atravè mond lan. Paske Anlèyman an-an pral inivèsèl. "Pral gen de nan kabann lan, M ap pran youn; de nan chan an, e M ap pran youn." Sa montre li pral lannwit sou on bò tè a epi lajounen sou lòt la, ou wè. Kidonk, se: "De ap nan kabann, de ap nan chan," ou wè, "M ap pran youn nan chak.

290 E jan m te di maten an, n ap kondwi anba sou wout la a youn nan jou sa yo, ap pale ak manman, epi n ap vire gade, l ap pati. N ap chita sou tab la, ap bwè kafe nou-nou oswa manje dejene nou, oswa-oswa on bagay, epi premye bagay ou konnen, w ap vire gade epi papa pa la ankò. Se egzakteman vre. L ap vini, epi nou pa konn ki lè. Men bagay la se ke, lè l fini alò l fini, lè sa a pa g anyen lòt ou ka fè pou sa. Ou di: "M te tandè sa pandan lontan." Men ou pral tandè sa pou dènye fwa w. Se vre. Sa pral rive paske Se Pawòl Seyè a. E, sonje, èske L te echwe yon fwa nan uit nwit sa yo ke m t ap preche a? Men sa-sa Jezi te di isi a, te rive, epi te fèt nan chak laj jis egzakteman.

291 E nou wè laj legliz sa a dwat ladan l, e nan lè a menm. Menm maten an, nan bay tip vyèj yo, nan tan an menm ke vyèj ki t ap dòmi an...Kounye a, nou sonje, Bib la te di ke vyèj k ap dòmi an...lè rèl la te soti: "Men, Lemarye ap vini," vini Seyè a, predikasyon Pawòl la. Epi apre

kisa k te rive? “Tan an toupre, bonm atomik yo ak tout bagay pare,” predikatè yo ap kouri nan lari yo epi kòmanse rele bay Mesaj la.

292 E osito yo fè l, gwo legliz la lè sa a, vyèj k ap dòmi a, te di: “Ah, ebyen, nou te Presbiteryen pandan lontan, petèt nou ta etidye epi chache konnen. Wi, nou konnen, m kwè nou bezwen Sentespri a.” E y ap ekri panflè ak tout bagay sou Sa kounye a, kòmanse soti. Epi yo te di: “Èkse n ta vle ban nou enpe landan L?”

Epi yo di: “Non, nou jis gen ase pou tèt nou.”

293 Kidonk lè yo t al pran Sentespri a, t al lapriyè, tankou legliz yo, gwo legliz kòrèk yo ap fè jodi a, òganizasyon yo. Lè yo t al pran Lwil la, Lemarye te vini. Kidonk y ap eseye pran L kounye a menm, gwo legliz yo, òganizasyon yo, gran reyinyon entènasyonal sou Sa a nan nan legliz òganize yo, ap di: “Nou dwe tounen nan Benediksyon Pannkotis la. Nou dwe gen gerisè diven nan legliz la. Nou dwe gen moun ki pale an lang. Nou dwe gen moun ki entèprete lang. Nou dwe gen tout don espiyèl sa yo nan legliz nou an, e n ap jis dwe kòmanse reyinyon epi kòmanse ap fè l.” Y ap gen konsèy, ki te kòmanse fè l. Pandan yo te pati al fè sa, se nan moman sa a menm ke Lemarye vini epi pran sila yo ki te gen Lwil la nan lanp yo, epi te pati L ale.

294 Apresa yo vini, epi sa k te pase? Yo te chase yo nan fènwa deyò a (Gran peryòd Tribilasyon an) kote y ap gen kriye ak rèl ak grense dan, pandan Epouz la nan Syèl. O la la!

295 Apresa nan fen twa zan edmi sa a, L ap vini tankou Jozèf te fè, epi fè frè L yo konnen Li. Sa pral lakòz on kriye toupatou, e yo pral di...Yo pral separe fanmi yo, epi kriye epi-epi di: “Ki kote W te pran mak sa yo?” Epi-epi pèse yo...sila ki te pèse L yo va wè L, e L ap fè frè L yo konnen L.

296 Kounye a L ap eseye fè Legliz Li konnen L, e yo te pouse L deyò. E L toujou kanpe, ap frape, ap di: “Èske gen youn ankò anndan la a? Youn ki t ap louvri epi kite M antre epi pale avè w?”

297 O, m kontan, sitèlman rekonesan ke apeprè...plizyè ane de sa, anviwon venntuit an de sa, m te santi frape sa a nan kè m. E mwen...Li antre, m t ap soupe avè L e Limenm avè m depi lè sa a. E m te resevwa Benediksyon Pannkotis la, te resevwa Sentespri a.

298 Te baptize nan Non Jezikri pou padon peche m yo, sèl moman m te janm batize nan vi m, on fwa. Lè m te jis on ti gason, pèsòn pat ka di m te gen twa Bondye. Non, ou pat ka foute sa desann nan kou m. Ou pa ka bay li bay pèsòn ki konn yon...konn kisa Bondye ye. Se vre. Kidonk lè m te batize...on predikatè Batis te batize m. M te di: “M vle batize nan Non Seyè

Jezikri.” Doktè Roy E. Davis te batize m nan Non Seyè Jezikri lè m te jis on ti gason. Ou wè?  
Se vre. Kidonk mwen-m te kwè l, m te ret avè l, e m konnen se Laverite. Se Pawòl Etènel  
Bondye. Se vre. Se vre.

M tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

M se youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

M se youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Menm si moun sa yo pa aprann pou ye,

Oswa gonfle kò yo pou glwa lemonn,

Yo tout te resevwa Pannkot yo,

Batize nan Non Jezi;

E y ap di kounye a, alawonbadè,

Pwisans Li toujou menm,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan...

299 Èske w kontan? Si w kontan, leve men w.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

(On fwa ou vin pou Li w ap anlè tout peche, nan Non Jezikri.)

Vini chache, Frè m, benediksyon sa

K ap netwaye kè w nan peche,

Sa ap kòmanse fè klòch lajwa sonnen

E ap kenbe dife nan nanm ou;

O, I ap boule kounye a nan kè m,

O, glwa pou non Li,

E m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo, Alelouya;

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Yo te ransanble nan chanmòt la,

Tout ap priye nan non LI,

Yo te batize ak Sentespri,

E pwisans pou sèvis vini;

Kounye a sa Li fè pou yo jou sa

L ap fè pou ou menm jan,

M tèlman kontan m ka di...

300 Kounye a ann bay lanmen, devan, dèyè, ak nan viwonn lan.

Youn nan yo, youn nan yo

M tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, youn nan yo, youn nan yo

M tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo

M tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Èske n pa kontan nou se youn nan yo? [Asanble reponn: “Wi! Amèn! Alelouya!”—Editè a.] M renmen sa. On gwoup k ap fè bri.

301 Chh! Chh! [On Frè pale nan on lòt lang. On Frè bay on entèpretasyon—Editè a.] Ala nou di W mès, Papa, pou bonte W ak mizèrikòd ou yo pou nou, sila yo ki pa diy. Pou panse ke W t ap konfime Mesaj Ou kounye a, Seyè, te pwomèt moun yo. M priye, Bondye, ke mizèrikòd ou yo repoze sou yo.

302 Si ta gen nenpòt isi a ki pa konnen L kòm Sovè, nou ta vle jwenn Li kounye a menm nan kè nou kòm Sovè a, èske n ta vle kanpe sou pye nou pandan n ap ofri lapriye pou nou? Li te di ke L t ap...fè Mesaj sa a la a e L te vle konfime Pawòl Li ba ou. Si gen kèk isi a ki pa konnen L e ki pa resevwa Lespri Li, L ap pale avè nou.

303 Trè byen, sila a dèyè la a. Èske w ta vle jis kanpe sou pye w, frè? [On Frè nan Asanble a pale—Editè a] Li vle vin batize nan Sentespri a, èske se sa, frè? Bondye beni w. Kanpe kote w ye a. Èske g on lòt ki ta renmen leve epi di: “M ta renmen vin batize nan Sentespri a”? Bondye beni w, frè. Bondye beni w. Se byen. Jis kanpe sou pye nou. Jis rete sou pye nou. Èske ta g on lòt moun ki ta renmen resevwa Sentespri a epi batize, ta renmen yo sonje l nan priye nou yo kounye a menm, pou l batize nan Sentespri a? Èske g on lòt, anvan m di sa m pare pou m di a, ki ta renmen kanpe epi pou yo mete l ladann?

O èske w ta vle yo konte w kòm youn nan gwoup Li a? (Èske w t ap fè l?)

Vin san tach anndan, ap gade epi tann spektak sa a pou kontanple;

L ap vin ankò.

304 L ap vin ankò. Èske w ta vle lènm L oswa èske w ta vle pitit Li? On Bondye fache nan jou maten sa a, anyen esepite San Jezi Li va rekonèt. Li pap janm...Abònman w kòm manm legliz ou a pap anyen pou Li. Anyen esepite San an!

O, presye kouran sa a,

Ki fè mwen blan kou nèj; (...?...)

M pa konn lòt fontèn,

Anyen esepite san Jezi.

Kisa k ka lave peche m?

Anyen pase san Jezi a;

Kisa k ka geri m ankò?

Anyen esepite san Jezi.

O, presye kouran a,

Ki fè mwen blan kou nèj;

M pa konn lòt fontèn,

Anyen esepite san Jezi.

[Frè Branham kòmanse fredone chante a—Editè a.]

Anyen esepite san Jezi

Sa se tout jistis mwen,

Anyen esepite san Jezi.

Èske g on lòt?

O, presye se...(Anyen pa ka kanpe, frè, sè. Mond la ap koule, li fini!)

...kou nèj;

M pa konn lòt fontèn,

Anyen esepite san Jezi.

305 Dousman, Teddy, si w vle: “G on Fontèn ki plen ak San, yo rale sot nan venn Emanyèl.”

306 Kounye a, zanmi, noumenm ki kanpe sou pye nou ap-ap eseye asepte dousè Seyè Jezi a. Menm Bib la ki di nou ke bagay sa yo t ap rive, te fè yo rive jis egzakteman fason Li te pwomèt Li. Pyè te di: “Kounye a pwomès la sou nou ak pou pitit nou ak sila yo ki olwen, menm otan ke Seyè Bondye nou an va rele.”

307 Ou te kanpe paske w te vle benediksyon Bondye a sou ou. E kòm sèvitè Li, m priye pou nou, m ap priye ke Bondye va ban nou batèm Sentespri a. E m mande m si n te ka fè sa nan kè nou, si nou sensè, si n ta fè Bondye pwomès sa a: “Bondye, mwen, apati de moman sa a, kanpe sou pye m, ap chache batèm Sentespri sa a, m va priye san rete epi tann jouk Ou ranpli m ak Sentespri a.” Èske w pral fè Bondye pwomès sa a nan leve men w? “M ap priye san rete, san rete, jouk Ou ranpli m ak dousè ak bonte Lespri a.”

Mwen ofri priye m pou ou kounye a antan n ap bese tèt nou:

308 Papa nou ki nan Syèl la, yo se twofe Prezans Ou. Yo konnen ke Pawòl sa yo vrè paske Se Pa W yo ye. Yo konnen ke Sentespri a te bay yo, paske yo se Pawòl Bondye. E yo te konvenk ke yo bezwen W, ke yo bezwen dousè Sentespri a nan lavi yo, pou ba yo pwisans ki genyen batay la. “E yo va resevwa pwisans ki sot Anwo,” resevwa pwisans lan pou viv on vi Kreyen, pou resevwa pwisans pou genyen batay sou tantasyon. Tankou chante nou te jis ap chante a: “Yo te rasanble nan chanmòt la epi t ap priye nan Non Li, yo te batize ak Sentespri a e pwisans pou sèvis te vini.” Se sa yo vle, pou pwisans pou sèvis vin sou yo.

309 Mwen priye W, Papa, kòm sèvitè W, kòm Ou te wè y ap lève men yo, yo te fè W on pwomès e on pwomès ke yo pap janm sispann, yo pap mete l sou kote, men yo va lapriye jouk Ou ranpli yo, Seyè, pou on pòsyon nan Prezans Sen W lan ki satisfè yo nan lavi yo. M ofri priye m nan non yo, Seyè, kòm sèvitè W, ke y ap ranpli ak Sentespri a. Seyè, m priye ke yo pap kite legliz sa a jouk sa rive, ke y ap isi a menm jouk chak nanm ranpli ak Sentespri a. Akòde l, Seyè.

310 Ou se Bondye, Toupwisan an, Ou te manifeste nan lachè pou retire peche mond lan. Ou te leve nan twazyèm jou an, te monte Anwo. E Ou isi a aswè a, nan mitan nou, e nan non Sentespri a. E nou priye, Papa, ke Ou, presye Seyè nou an, va ranpli chak grenn nan yo ak Pwòp Tèt Pa W. E ke yo se on-on benediksyon pou Wayòm Ou e nan mond k ap vini an. E yon jou lè finalman Ou rive nan fen wout lan, sa ka jodi a poutan, nou pa konnen lè sa va ye.

Men ke m kapab, Seyè; konte nan mitan sila yo ki al nan Anlèvman an. Ke sila yo se moun ka pral nan Anlèvman an. Ke chak moun, Prezans Divin ak tout sa k ranpli ak Lespri a, ki pou Bondye, al nan Anlèvman an.

311 Pran sa yo antre yo aswè a, Papa. Yo pou Ou kounye a, m remèt yo nan men W. Nan Non Jezikri. Amèn.

312 Kounye a m vle pou rès nan nou yo ki kanpe bò kot moun sa yo, ki gen Sentespri a, leve, mete men nou sou yo.

...on fontèn ranpli ak san,

Rale nan venn Emanyèl,

E pech; yo plonje anba flo sa a,

Pèdi tout tach koupab yo.

Pèdi tout tach koupab yo,

Pèdi tout tach koupab yo;

E pechè yo plonje anba flo sa a,

Pèdi tout tach koupab yo.

Vòlè k ap mouri a rejwi pou wè

Fontèn sa a nan jou pa li;

E la mwen ka, menm ba tankou I,

Lave tout peche mwen.

Lave tout peche mwen,

Lave tout peche mwen;

E pechè plonje anba a flo sa a,

Pèdi tout peche mwen.

313 Kounye leve men nou bay Bondye epi jis ba Li Iwanj. Di: "Mèsi, Seyè. M leve sou pye m, m ap ba W Iwanj. M ap di W mèsi pou benediksyon W yo, pou bonte W, epi poutèt Ou ban



m batèm Sentespri a.” Mèsi, Seyè! Mèsi, Seyè! Mèsi, chè Bondye, poutèt Ou ban nou...Ou kenbe pwomès Ou, Ou te di sa. Nou kwè W.

314 Èske n pa konta? Di: “Lwanj pou Seyè a!” Teddy, kite m...jis youn ankò: “Nou jwenn anpil moun ki pa ka konprann...” *Se Tankou Syèl La Pou Mwen.*

Nou jwenn anpil moun ki pa konprann

Pouki n tèlman kontan ak lib;

Nou travèse Jouden pou bèl peyi Kanaran,

E sa se tankou Syèl pou mwen.

O, sa se tankou Syèl pou mwen,

O, sa se tankou Syèl pou mwen;

O, nou travèse Jouden pou bèl peyi Kanaran,

E sa se tankou Syèl pou mwen.

O, lè m vin kontan, mwen chante e m rele,

Dyab la pa kwè Sa a, mwen wè;

Men m ranpli ak Lespri a, pa gen okenn dout,

E se sa k ap pase avè m.

O, se sa...Syèl pou mwen, (Lwanj pou Bondye!)

O, sa se tankou Syèl pou mwen;

M janbe Jouden pou bèl peyi Kanaran,

E sa se tankou Syèl pou mwen.

315 Èske sa pa fè n kontan? Byen. Bay on moun lanmen, di: “Lwanj pou Seyè a!” *Se tankou Syèl la, Seyè.*

Pran Non Seyè a avè nou,  
Pitit soufrans ak malè;  
Sa va ban n lajwa ak konsolasyon  
Pran Li tout kote w prale.

Presye non, O ala dous!  
Lespwa sou tè ak lajwa nan Syèl  
Presye non, O ala dous!  
Lespwa sou tè ak lajwa nan Syèl.

Nan Non Jezi nou bese tèt,  
Tonbe tèt atè nan pye L,  
Wa dè wa nan Syèl na va kouwone L,  
Lè vwayaj nou a fini.

Presye non, O ala dous!  
Lespwa sou tè ak lajwa nan Syèl;  
Presye non, O ala dous! (Ala dous!)  
Lespwa sou tè ak lajwa nan Syèl.

Kounye a, an silans, ak tèt nou bese:

....non Jezi pou toujou,  
Tankou on bouklye kont pyèj;  
Lè tantasyon rasanble viwonnen w,  
Jis bay souf Non sen sa nan priyè.

Presye non, O ala dous!